● КъБР-м и Правительствэм

Шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыныр псом ящхьэщ

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий Къэбэрдей-Балъкъэрым Терроризмэм пэщІэтыныжьмкІэ и комиссэм (АТК) и зэІуІэ иригъэкІуэкІам мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэхугъуэхэр къыщІэтащ, псом хуэмыдэу гулъытэ хуащІащ цІыхухэм я шынагъэншагъэр къызэрызэрагъэпэщ щыкІэм.

КъБР-м экстремизмэмрэ щІалэгъуалэ политикэмрэ я пщыІэ лэжьыгъэхэр щыпІэхэм щызэгъэуІунымкІэ и министр **Къуэшырокъуэ Залым** терроризмэ щІэпхъаджагъэ ялэжьауэ тезыр зыпшынахэм зэрадзлэжьар къыщыщІикъуэжьым, кьыхигъэщащ апхуэдэхэр 2016 гъэм цІыху 273-рэ хьууэ зэрыщытар.

- ЗэхэтэкІа хьащІ цІыху 49-р КъБР-м Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрикІар, 24-р ялэжьа нэгъуэщІ щІэпхъаджагъэхэм щхьэкІэ аргуэру зэрагъэтІысар, 12-р зэрылІар. ЦІыху 48-м я хэщапІэр 2016 гъэм и кІэм наІуэу щытакъым, арщхьэкІэ МВД-р къыдэІэпикъуэр, абыхэми ядалэжьэн щІэддзащ. Къапщтэмэ, зи гугъу тщІыхэм ящыщ цІыхуи 160-р нобэ республикэм щыІэщ икІи абыхэм лэжьыгъэ пыухыкІакъэр драгъэкІуэкІ, - жиІащ Къуэшырокъуэм. - Кьыхэгъэщыпхъэщ, цІыху 17 лэжьыгъэ Іэнатіэкіэ къызэрызэдгъэпэщар, языныкъуэхэм ди чэнджещ хуэныкъуэу зыкъытхуагъэзати, дадэІэпикъуэщ. ЦІыхухэм даззрыдэлэжьам кьэрикІуам тепщІыхьмэ, апхуэдэ Іуэху бгъэдыхьакІэр тэмэмщ, ар я дзыхь кьызэрыдагъэзым кьеГэлъэгъуэ.

Къуэшырокъуэм жиІащ УФ-м и УФСИН-м КъБР-м щиІэ къудамэм хьыбар кьызэритамкІэ, кьытралъхьа тезыр ящышнауэ 2017 гъэм и кІэ пщІондэ цІыху 34-рэ кьызэрауТыпщыжьыр. Абыхэм щхьэхуэу ядэлэжьэну унафэ хуащІащ щыпІэ администрацэхэм я Іэтащхьэхэм.

КІуэкІуэ Юрий жиІащ къэралыр къадэІепикъуну зэрыкьэзырыр цІыхухэм зыхащІэн зэрыхуейр. «Пэжщ, аэр хабзэм ебэкъуащ. Ауэ абы щхьэкІэ тралъхьа тезыр ящышнаци, адэкІэ дэтхэнэми Іэмал етын хуейщ зиужьэжьну, гъэзэну зэхуэм техьэжьну. ЦІыхур хэбутэкІэ фІы лъэпкъ кьишэнукъым, егъэлъагъупхъащ улажьэ-ушхэжу упсэунырэ зэрытэмэмыр. Ар ямыдэмэ, абы щыгъуэм нэхъ ткІийуэ якІэпылъпІым хуейщ, щІалэгъуалэр я лъэныкъуэ ящІын, зыхашэн я мураду лэжьыгъэ ирамыгъэкІуэкІын папщІэ. Ди гулъытэр нэхъыбэу зыхуэунэтІыпхъэр терроризмэ щІэпхъаджагъэ зэралэжьам теухуауэ зыхэпсым исауэ щхьэхуит хьужжэрэ: сыт хуэдэ гупсысэ абыхэм цІыхухэм хэхьэр? А упщІэр нэхъыщхьэ дыдэу дгъэуэвын хуейщ. Іуэхум ІэхъуэгъуэтегъэкІыу дыбгъэдыхьэмэ, ди щІалэгъуалэм хэзылым зэуакІуэ икІын щагъэтынукъым. Абыхэм кьэралыр ябгынэмэ, Іэщх кьащтэмэ - дэ дымылэжьэфу, ахэр Іейм щыдмыхъумэфауэ аращ. А гупсысэм тещІыхьауэщ Іуэхум зэрыбгъэдыхьэпхъэр», - жиІащ КІуэкІуэм.

КъБР-м кьэралкІэ КІуэцІ ІуэхухэмкІэ министру щыІэ **Ромашкин Игорь** тепсэльыхьащ илъэс къэс ирагъэкІуэкІ «Защита» Іуэхум. Абы я гугъу ищІащ зэуакІуэ кІуахэм, ягъэтІысахэмрэ яклаэмрэ. «Унэ, фэтэр 883-рэ кьэтпщытати, щатха щІыпІэхэм щыпсэурыхьм щІэпхъаджащІэ ящІаухэм я фІэабэ 73-р. Абыхэм ящыщу 18-р КъБР-м Балъкъэрым икІащ, 42-р Урысейм иІэпхъуКІащ», - жиІащ Ромашкин Игорь.

Республикэм и зыгъэпсэхупІэхэр щІэпхъаджащІэхэм зэращыхъумам щытепсэльыхьым, КъБР-м и Іэтащхьэм жиІащ щІыналъэм зэрызиужьынур куэдкІэ зэлъыта а унэтІыныгъэм я нэІэ зэпымыууэ зэрытрагъэтыпхъэр.

- Гугъуехь инхэр пыщІам, республикэм и зыгъэпсэхупІэхэр зэредгъэфІакІуэр нэрылъагъущ. Абы и щыхэтщ щІынаІуам зыщызыгъэпсэхуну кьакІуэкІ я бжыгъэм илъэс къэс зэрыхэхьуэр. Нэгьабэ зыгъэпсэхуакІуэу мин 420-м щІигъу диІащ. Ар 2015 гъэм кьэкІуам елъытауэ процент 40-м нэблагъэкІэ нэхъыбащ. Ди лэжьыгъэр зэпыдгъэу хьунукъым. Кьапщтэмэ, Іуащхьмахуэ лъапэ зэрызедгъэужьым и фІыгъэ куэд хэлъщ абы, - жиІащ КІуэкІуэ Юрий. - ЗэрыфщІэщи, кІапсэкІэ кІэрыщІауэ зэрызекІуэ гъэзэгъущІэр духуащ, лыжэкІэ кьыщажьих бгыр едгъэфІэкІуащ, Терскол жьлэм дащІыхьащ иджыпей мардэхэм тет медицинэ Іуэхущ1апІэ. Ауэ кьыхэзгъэщынут: ди лэжьыгъэм зыгуэр кьыщыпэкІуэнур зыгъэпсэхупІэхэм шынагъэншагъэр кьыщызгъэпэщауэ щытмэщ. ЗэрысщІэмкІэ, 2016 гъэм щІэпхъаджагъэ 13 зыгъэпсэхуакІуэхэм ехьэлІауэ ялэжьащ. 11-р зыгъэпсэхуакІуэ щытар я мылъкур зэрыфІадыгъэурщ, 4-р, кьызэрыщІагъэщдамкІэ, езы зыгъэпсэхуакІуэхэм ящыщхэм ялэжьащ. Мыпхуэдэ дэни кьызэрыщыхъуфынур гурыІуэгъуэщ, ауэ зыгуэр кьызыщыщІ зыгъэпсэхуакІуэм кьызэрытримыгъэзэжьынур кьэтпльытэу, ди гулъытэр ди хьэщІэхэм я шынагъэншагъэм зэрыхъукІэ тедухуэн хуейщ, - дыщІигъуащ КъБР-м и Іэтащхьэм.

ЗэІущІэм хэтахэм я Іуэху елпІыкІэхэр кьагъэльагъуэ нэужь, зэлэжьынур яубзыхуащ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪУДОКІ

№101 (23.509) ● 2017 гъэм накъыгъэм (майм) и 31, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КІуэкІуэ Юрий республикэм и наградэ нэхъ лъапІэ дыдэр - «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэ щиІэ фІыщІэм папщІэ» орденыр - Урысейм и нейрохирург нэхъыщхьэ Крылов Владимир ирет

Республикэм уэзыншагъэр хуэмэнымкІэ и Іэнатіэм зегъэуэжыныем езым и щхьэкІэ къарууншхэ зэрырихьэлІам папщІэ, КъБР-м и Іэтащхьэм къыдигъэкІа Указымкіэ, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэ щиІэ фІыщІэм папщІэ» орденыр иритащ УФ-м Узыншагъэр хуэмэнымкІэ и министерствэм и нейрохирург нэхъыщхьэ, Урысейм ЩІэныгъэхэмкІэ и академием и академик Крылов Владимир. Абы наградэ лъапІэр КъБР-м и Правительствэм и Унэм дыгъуасэ щритыжащ КІуэкІуэ Юрий.

«ВЛАДИМИР Виктор и къуэ, дэ дыщыгъуазэщ къарурэ зэфІэкІыу куэд Къэбэрдей-Балъкъэрым кьызэрепхьэлІэм. Уэ уи фІыщІэкІэ илъэсищым къриубыдэу ди деж лъынтхуэ узыфэхэм щІэзэ ещтр къыщыхъуэхри зэтрагъэуващ. Экономикэр гугъуехь пыухыкІакъэм хэт пэтми, иджыпсту къэралым и унафэщІхэм медицинэм гулъытэшхуэ хуащІ икІи а Іэнатіэм зегъэужьыным ахъшэфі хухах. Экспертхэм къызэральытэмкІэ, а Іэнатіэм и унэтІыныгъэхэм ящыщ куэдымкІэ Урысейр нэгъуэщІ кьэралхэм япэ итщ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и гугъу пщІымэ, куэд щІакъым технологие лъагэхэр зи лъабжьэ медицинэ дэІэпикъуныгъэхэр кьыщратын папщІэ ахэр федеральнэ центрхэм кІуэуэ зэрыщытрэ. Иджы апхуэдэ дэІэпикъуныгъэхэр абыхэм ди сымаджэщхэм щагъуэт. Илъэс кьэс лъынтхуэ узыфхэр гъэхъужьыным теухуа операцэу минищым щІигъу ирагъэкІуэкІ икІи апхуэдэ узыфхэм илыкІхэр иужьрей илъэсхэм процентри 10,6-кІэ нэхъ мащІэ хъуащ. А псоми кьыхэкІыу КъБР-м исхэм фІыщІэ ин, пщІэ кьыпхуащІ», - жиІащ щыналъэм и Іэтащхьэм.

КІуэкІуэ Ю. А., Крылов В. В. сымэ зэІуІэщІэм щытепсэльыхьащ дохутырхэм я Іэщагъэр кьэралым и клиникэ нэхъыфІ дыдэхэм щыхагъэхъуэнымкІэ программэхэр адэкІи гъэзэщІэным.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрыр ущыпсэуну нэхъ шынагъуэншэ щІыналъэпщІым ящыщ

Къэрал статистикэмкІэ федеральнэ къулыкъущІапІэм Урысейм и МВД-м кьыбгъэдэкІ официальнэ отчётхэм ябгъ иткІэ 2017 гъэм и апэ кварталым тещІыхьауэ хэлъущІу ищІа бжыгъэхэм кьызэрагъэльагъуэмкІэ, Къэбэрдей-Балъкъэрыр ящыщщ Урысей Федерацэм щынагъуэншагъэр нэхъыбэу кьыщызэгъэпэща и щынальпищІым.

2013 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрыр кьалъытэу щытащ терроризмэмрэ щІэпхъаджагъэмрэ я щынагъуэр нэхъ здэщыІэ щыналъэхэм ящыщу.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

● Щэбэт щІыхьэху

Сабиигъуэр хъумэным хуэгъэпсауэ

Мэкъуауэгъуэм и 1-м дэнэкІи щагъэкІапІэ Сабийхэр хъумэным и дунейпсо махуэр. Абы балигъэхэм иджыри зы Іэмал кьыдет ди бынхэм гулъытэ яхуэтщІыну, ахэр фІыуэ зэрылтьа-гъур зыхедгъэщІэну, тыгъэ цІыкІуэхмкІэ дгъэгуфІэну.

ДАУИ, адэ-анэфІу дыщытыпхъэщ дапщэщи, кьытщІэхъуэ щІэблэми гулъытэ щыхуэтщІыпхъэр мэкъуауэгъуэм и 1-м и закъуэкъым. Балигъэхэм ди кьалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ цІыкІуэм я сабиигъуэр насыпыфІэ, кьызыхуэтыншэ тщІыныр, абыхэм я ГъащІэр тхъумэныр.

А Іуэхугъуэхэм яхуэгъэпсэ Іуэхугъуэ дахэ -мэкъуауэгъуэм и 3-м щэбэт щІыхьэху ди республикэм и щІыпІэ псоми щегъэкІуэкІыныр - кьыхалъхьэ КъБР-м и Профсоюзхэм я федерацэмрэ КъБР-м и Бзылъхугъэхэм я зэгъэхьэныгъэмрэ. Псапэшхуэ зыпыльа а Іуэхугъуэм кьыщалэжь мылъкур хуагъэкІуэнущ бын куэд щапІ унагъуэхэм, интернатхэм я гъэсэнхэм.

Дыхэвгъэт жьыджэру сабиигъуэр хъумэным хуэгъэпса, мэкъуауэгъуэм и 3-м екІуэкІыну щэбэт щІыхьэхэм. Ди лъагъунэгъэрэ гулъытэрэ сыт щыгъуи хэуныкъуэ сабиим иджыри зэ зыхедвгъэгъащІэ абы ди гъащІэм, жьлагъуэм щалэ мыхьэнэм и инагъыр.

КЪАСКЪУЛ Аулият,
КъБР-м и Бзылъхугъэхэм я зэгъэхьэныгъэм и пашэ.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и спортсменхэм - Урысей Федерацэм спортым и олимп лІэужьыгъуэхэмкІэ и командэ кьыхэхахэм хэтхэм, абыхэм я гъэсакІуэхэм папщІэ стипендиехэмрэ ахъшэ саугъэтхэмрэ гъэувыным и Іуэхугъэ» 2004 гъэм жэпуэгъуэм и 6-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым кьыдигъэкІа Указ №100-УП-м и къыкІэлъыкІуэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) псалъэщхьэм хэт «стипендиехэмрэ» псалъэхэр хэгъэкІын;

б) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и спортсменхэм - Урысей Федерацэм спортым и олимп лІэужьыгъуэхэмкІэ и командэ кьыхэхахэм хэтхэм, абыхэм я гъэсакІуэхэм папщІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и стипендиехэр гъэувыным ехьэлІауэ пункт 1-м кьыщыгъэлъэгъуахэм кьару ямыІэжу кьэлъытэн;

в) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и спортсменхэм - Урысей Федерацэм спортым и олимп лІэужьыгъуэхэмкІэ и командэ кьыхэхахэм хэтхэм, абыхэм я гъэсакІуэхэм папщІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и стипендиехэр зыхуэдизыр, ахэр зэрагъэувымрэ зэратымрэ теухуа Положенэр кьэщтэнымэ хуэгъэзэауэ пункт 2-м хэтхэм кьару ямыІэжу кьэлъытэн;

г) пункт 3-м хэт «стипендиехэмрэ» псалъэхэр хэгъэкІын;

д) гъэдзэн №1-р хэгъэкІын;

е) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и спортсменхэм - Урысей Федерацэм спортым и олимп лІэужьыгъуэхэмкІэ и командэ кьыхэхахэм хэтхэм, абыхэм я гъэсакІуэхэм папщІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и стипендиехэр зыхуэдизыр, ахэр зэрагъэувымрэ зэратымрэ теухуа Положенэм и пунктхэу 2.1-м, 5 - 7-хэм (гуэдзэн №2) хэт «туризмэмрэ» псалъэхэр хэгъэкІын.

2. Мы Указым кьару егъуэт 2017 гъэм мэкъуауэгъуэм и 1-м щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2017 гъэм накъыгъэм и 23-м
№77-УГ

НОБЭ

♦**Тутын емыфэным и дунейпсо махуэщ**
♦**ЦІыхухэр зэхэгъэж щІыным пэщІэтыныным и дунейпсо махуэщ**
♦**Урысей адвокатурэм и махуэщ**
♦**Урысейм и МВД-м балигъ мыхъуахэм я ІуэхугъэмкІэ и къудамэхэм я махуэщ**
♦**Гъатхэм и иужьрей махуэщ**
♦**Къэзахъстаным ягу кьыщагъэкІыж политикэ залымыгъэхэмрэ мэжэщІалІагъэмрэ яхьахэр**
♦**Тыркумэным щагъэлъапІэ я алэрыбгъум и махуэр**
♦**1223 гъэм** урысхэмрэ тэтэр-монголыдзэмрэ Калкэ псым дежь япэу щызэзэуащ.
♦**1708 гъэм** Царское село (Пушкин) кьалэм и лъабжьэр ягъэтІыпащ.
♦**1710 гъэм** урыс азбукэщІэр, Пётр Езанэр зыхэлэжьыхьыжар, Іуэхущ1апІэ псоми кьыщагъэсэбэпын хуейуэ унафэ кьащтащ.
♦**1868 гъэм** Париж и Іэгъуэблагъэм дунейм щыяпэу щекІуэкІащ лъакъуэрыгъажэкІэ кьыздэжэныкІэ зэхъэзэхуэ.
♦**1879 гъэм** дунейм щыяпэу Берлин къыщызэІуахащ электрокъарукІэ лажьэ мафІэгухэр зрикІуэну гъущІ гъэугур, Вернер фон Сименс зэпкъриІтьха апхуэдэ япэ мафІэгум и лэжьакІэрэ а махуэ дыдэм ягъэлъэгъуауэ щытащ.
♦**1891 гъэм** Владивосток къыщыогагъэкащ Транссибыр гъущІ гъэугур хуэныр.
♦**1911 гъэм** «Титаник» кхъухь цІэрыІуэр япэу псым техьащ. А зэманым дунейм щыхэхъ ин дыдэу кьалъыта кхъухьэр зэрауТыпщым яфІэтелъыджжэу кІэлъыплъат цІыху мини 100-м щІигъу. Зы илъэс нэхъ дэмыкІыу, 1912 гъэм мэлыхьыхьым и 15-м, и япэ рейсыр щигъэзащІэм мыл абрагъуэм жьэхэуэри, Атлантикэ хым щыщІилъэфаэ щытащ ар.
♦**1918 гъэм** Совет Урысейм ЦІыхубэм щІэныгъэ етыныжьмкІэ и комиссариатым унафэ кьыщащ щІалэ цІыкІуэхэмрэ хьыджэбз цІыкІуэхэмрэ зэгъусэу егъэджэным теухуауэ.
♦**1942 гъэм** дыкъэпІи дэкІыпІи имыІэу бийм кьиухъуреихьа Ленинград кьалэм футбол щызэдзджэгуащ «Динамо», «ЛМЗ» (Ленинград гъущІэкІэхэр кьыщыщІагъэкІыу дзет завод командзэр).
♦**1946 гъэм** Лондон и Хитроу аэропортыр кьызэІуахащ.
♦**1961 гъэм** хэІущІыІу ящІащ Инджылызым кьыхэкІыу Африкэ Ипщэ Республикэ щхьэхуит кьызэрыунэхуам теухуа хьыбарыр.
♦**1990 гъэм** кьызэрагъэпэщащ Урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэр - «Урысейм и ЩІалэгъуалэм я зэгухьэныгъэр».
♦**2002 гъэм** Япониемрэ Корее Ипщэмрэ кьыщызэІуахащ дунейм футболымкІэ и 17-нэ чемпионатыр. Ар а къэралхэм я стадионхэм щекІуэкІащ накъыгъэм и 31-мкъэуауэгъуэм и 30-хэм.
♦Совет тхакІуэ цІэрыІуэ, РСФСР-м гъэуздзэжэмкІэ щыхь зиІэ и лэжьакІуэ, Лениным, Сталиным, СССР-м я Къэрал саугъэтхэр зыхуагъэфащэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь **Леонов Леонид** къызэралъхурэ илъэси 118-рэ ирокъу.
♦Совет дзэ къулыкъущІэ, контр-адмирал **Тхьэгъапсэ Мэжид** къызэралъхурэ илъэс 88-рэ ирокъу.
♦Америкэм щыщ актёр, режиссёр цІэрыІуэ, «Оскар» саугъэтыр плІэнейрэ зыхуагъэфащэ **Иствуд Клинт** и ныбжьыр илъэс 87-рэ ирокъу.
♦Актёр, кинорежиссёр, РСФСР-м щыхь зиІэ и артист **Бурков Георгий** кьызэралъхурэ илъэс 84-рэ ирокъу.
♦Философие щІэныгъэхэм я доктор, КъБР-м и профессор **Шэвлокъуэ Вячеслав** и ныбжьыр илъэс 69-рэ ирокъу.
♦Къэрал, жылагъуэ лэжьакІуэ, экономикэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБР-м щыхь зиІэ и экономист, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и УнафэщІу щыта **Чеченов Ануар** и ныбжьыр илъэс 67-рэ ирокъу.
♦Уэрэджьакіуэ, композитор, УФ-м и цІыхубэ артист **Кузьмин Владимир** и ныбжьыр илъэс 62-рэ ирокъу.
♦Къэрал лэжьакІуэ, КъБР-м щыхь зиІэ и дохутыр **Къарэнашэ Іэминат** кьыщалъхуа махуэщ.
♦Урысей уэрэджьакІуэ цІэрыІуэ, УФ-м щыхь зиІэ и артисткэ **Королёвэ Наташэ** (и цІэ-унэцІэ дыдэр **Порывай Натальей**) и ныбжьыр илъэс 44-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уфауэ щыщытынущ, уэшх кьыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 18 - 21-рэ, жэщым градус 14 - 15 щыхьунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іуэныгъэ:

Хьэлэр хьэлэкІэ Іуауд.

«ЦІыхум и хуитныгъэхэмкІэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым хуэгъэзауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ**:

1. «ЦІыхум и хуитныгъэхэмкІэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр хьэщтэн.

2. А Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм хуеГэхьэхьэн, Іэ щІидзын икІи цІыхухэр щыгъуэзэ ищІын папщІэ.

3. Мы Унафэм кьару егъуэт кьыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщІ ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2017 гъэм накъыгъэм и 25-м
№696-П-П

«ЦІыхум и хуитныгъэхэмкІэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым къищтащ
2017 гъэм накъыгъэм и 25-м

1 статья

«ЦІыхум и хуитныгъэхэмкІэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и Іуэхукіэ «2006 гъэм щэкІуэгъуэм и 3-м кьащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №82-РЗ-м мы кьыкІэлъыкІуэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн:

1. 27-нэ статьям Іыхьэ 1-1 дэщІыгъуэкІи, мы кьыкІэлъыкІуэм хуэдэу иту:

«1-1. Уполномоченнэм и кандидатурэм теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм кьыхилъхьэр, мы Указым и Іыхьэ 1-м зэритым хуэдэу зыхуэфащэхэр арэзы техьауэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ягъэхь мы кьыкІэлъыкІуэ документхэр щІигъуу:

1) езым и кандидатурэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым кьыщыхалъхьэну икІи Уполномоченнэм и кьулыкъум ягъэувыну зэрыарэзымкІэ а кьулыкъум трагъэувэну хущІэкъуи и тхыгъэ;

2) Урысей Федерацэм и цІыхум и паспортым (цІыхур зищІысым щыхьэт техьуэ нэгъуэщІ документым) траха копиер;

3) кандидатыр кьулыкъум ягъэувмэ, Уполномоченнэм и статусым кьемызэгъ и лэжьыгъэхэр кьигъэнэну кьалэн зэрызыщищІыжьыкІэ тхыгъэр;

4) кандидатым и кьекІуэкІыкІар яГэуэва мардэм тету кьыщыгъэльэгъуа анкетэр, апхуэдэу автобиографие, нэгъуэщІ кьэралым и гражданствэ, нэгъуэщІ кьэралым щыпсэуну хуит зэращІ тхыльэ, нэгъуэщІ кьэралым и щІыналъэм зэпымыууэ щыпсэуну хуитныгъэ кьезыт нэгъуэщІ документ зэриІэр (зэримыІэр), политикэ партым, политикэ мурадхэм телажьэ нэгъуэщІ жьилагъуэ зэгухьэныгъэм зэрыхэтыр, нэгъуэщІ кьэралхэм, дунейпсо организацэхэмрэ нэгъуэщІ кьэралхэм я организацэхэмрэ, нэгъуэщІ кьэралхэм я цІыхухэм, гражданствэ зимыІэ цІыхухэм я ахъшэкІэ кьызэрагъэпэщ егъэджэныгъэ, щІэныгъэ, кьинэмыщІ творчесхэ лэжьыгъэ зэрыригъэкІыжькІыр кьыщыгъэльэгъуауэ, Урысей Федерацэм нэгъуэщІ кьэралым ириІыІла зэгурыІуэныгъэм е Урысей Федерацэм и законодательствэм абы теухуауэ нэгъуэщІ имытмэ;

5) езым теухуа Іуэхухэр кьыхалъхьэну икІи зэпкърахыну зэрыарэзымкІэ кандидатым и тхыгъэр;

6) кандидатым щІэныгъэ нэхъыщхьэ зэриІэмкІэ документым траха копиер, кандидатыр хуеймэ - профессиональнэ щІэныгъэ гуэдзэн зэриІэмкІэ, и щІэныгъэм зэрыкигъэхъуамкІэ, и кьулыкъумкІэ класс пыухыкІа, Іэщ1агъэмкІэ разряд зэрыкъугъэувамкІэ, щІэныгъэлІу зэрыщытымкІэ икІи щІэныгъэм и лъэныкъуэкІэ цІэ кьызэрыфІащамкІэ, кьэралыр наградэхэмрэ цІэ лъапІэхэмрэ кьызэрыхуагъэфащамкІэ документхэм я копиехэр;

7) ирихьэкІа лэжьыгъэхэмкІэ тхылъым траха копиер, зыпэрыта Іэнатіэхэрэ ирихьэкІа жьилагъуэ къэнэжьхэмрэ ятеухуа документхэу цІыхум, гражданиным и хуитныгъэхэмрэ щхьэхуитныгъэхэмрэ хъумэным зэрыщыгъаззэм щыхьэт техьуэхэр;

8) иужьрейуэ налогхэр щата лъхьэхэмэ тещІыхьауэ кандидатым и хэхъуэхэм, хэщІхэм, и мылъкум, мылъкум пыщІауэ кьыбгъэдэхуэ кьалэнхэр, апхуэдэу и щхьэгъусэмрэ балигъ мыхъуа и бынхэмрэ езыхэм я щхьэкІэ ябгъэдэлъ мылъкум, мылъкум хуэгъэза кьалэнхэм щыхьэт техьуэ бжыгъэхэр, иджыпей законодательствэм кьызэригъэувым ьхьэзгъэыу щІэгъэбыдэжауэ.

Указым мы и Іыхьэм кьыщыгъэльэгъуа документхэр, Уполномоченнэм и кандидатурэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым хэпльэн ипэкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщІым егъэхь ЦІыхум и хуитныгъэхэмкІэ Уполномоченнэу Урысей Федерацэм щыІэм и деж.».

2. 29-нэ статьям и Іыхьэ 2-м кьару имыІэжу кьэлъытэн.

3. 31-нэ статьям и Іыхьэ 1-р мы кьыкІэлъыкІуэм хуэдэу тхын:

«1. Уполномоченнэм и полномочиехэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым нэхъ пасэу щхьэщэх Федеральнэ законым кьигъэувкэм щыхуэзыкІуам деж икІи абы зэрыщыгъэзыхуам хуэдэу».

2 статья

Мы Законым кьару егъуэт официальнэу кьыщытрадза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2017 гъэм накъыгъэм и 30-м
№17-РЗ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ ещІ:

1. «ЦІыхум и хуитныгъэхэмкІэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр хуэгъэзауэ щІыН папщІэ.

3. Мы Унафэм кьару егъуэт кьыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщІ ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2017 гъэм накъыгъэм и 25-м
№696-П-П

Газетхэмрэ журналхэмрэ къезыгъэхьхэм папщІэ

«Адыгэ псалъэм» и ныбжьэгъуфІхэ!

Фигу кьыдогъэкІыж 2017 гъэм и етІуанэ илъэс ныкъуэм унэм ныфхуахьыну газетхэмрэ журналхэмрэ Іэ щІэдзыныр зэрекІуэкІыр.

Ди газетым илъэс ныкъуэм и уасэр сом 815-рэ кІэлъыкІи 10-рэщ.

Ди индексыр 51531

Тlэшу Мухьэмэд Хьэдис и къуэр Бахъсэн суд районым и суд участкэ №6-м и зэзыгъэкlуж судыщlэм и къулыкъум гъэувыным и lуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 100-нэ статьям и Іыхьэ 1-м и «и» пунктым, 117-нэ статьям и Іыхьэ 3-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и зэзыгъэкlуж судыщlэхэм я lуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 6-нэ, 7-нэ статьяхэм япкъ иткlэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещl**:

1. **Тlэшу Мухьэмэд Хьэдис и къуэр** Бахъсэн суд районым и суд участкэ №6-м и зэзыгъэкlуж судыщlэм и къулыкъум илъэсиц lапlэкlэ гъэувын.

2. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщl ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2017 гъэм накъыгъэм и 25-м
№689-П-П

Къэрмокъуэ Анзор Мухьэмэд и къуэр Аруан суд районым и суд участкэ №4-м и зэзыгъэкlуж судыщlэм и къулыкъум гъэувыным и lуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 100-нэ статьям и Іыхьэ 1-м и «и» пунктым, 117-нэ статьям и Іыхьэ 3-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и зэзыгъэкlуж судыщlэхэм я lуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 6-нэ, 7-нэ статьяхэм япкъ иткlэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещl**:

1. **Къэрмокъуэ Анзор Мухьэмэд и къуэр** Аруан суд районым и суд участкэ №4-м и зэзыгъэкlуж судыщlэм и къулыкъум илъэсиц lапlэкlэ гъэувын.

2. . Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщl ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2017 гъэм накъыгъэм и 25-м
№690-П-П

Пщыгъуэш Аслъэн Хьэщауэ и къуэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэзыпщытэ-къэзыбж палатэм и унафэщlым и къуэдзэм и къулыкъур и пlалъэр къэмысу щхьэщыхьыным и lуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэзыпщытэ-къэзыбж палатэм и lуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 38-нэ статьям и Іыхьэ 2-м и пункт 6-м ипкъ иткlэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещl**:

1. **Пщыгъуэш Аслъэн Хьэщауэ и къуэм** Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэзыпщытэ-къэзыбж палатэм и унафэщlым и къуэдзэм и къулыкъур и пlалъэр къэмысу щхьэщыхьын езыр къыз зрылъэlуам къыхэкlыу.

2. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщl ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2017 гъэм накъыгъэм и 25-м
№691-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и комитетхэм зэхъуэкlыныгъэхэр хэлъхьэным и lуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Регламентым и 17-нэ, 22-нэ статьяхэм япкъ иткlэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещl**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутат **Къалмыкъ Эдуард Бетlал и къуэр** Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Бюджетымкlэ, налогхэмкlэ, финансхэмкlэ и комитетымрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Щэнхабзэмкlэ, граждан жылагъуэ lуэхущlапlэхэм зегъэужьыным и lэмкlэ, щыхуба хъыбарегъащlэ lуэхущlапlэхэмкlэ и комитетымрэ хэгъэхьэн.

2. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщl ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2017 гъэм накъыгъэм и 25-м
№692-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентымрэ Тэтэрстан Республикэм и Къэрал Советымрэ зэрызэдалэжьэнум теухуа зэгурыlуэныгъэ зэрызэращылlэм и lуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещl**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентымрэ Тэтэрстан Республикэм и Къэрал Советымрэ зэрызэдалэжьэнум теухуа зэгурыlуэныгъэ зэрызэращылlэр дэзыгъэнын.

2. Мы Унафэр щыгъуазэ защlын папщlэ яхуегъэхьын Тэтэрстан Республикэм и Къэрал Советым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщl ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2017 гъэм накъыгъэм и 25-м
№705-П-П

2017 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и гъатхэ сессиер щиух иklи бжьыхьэ сессием щыщlидзэ махуэхэм я lуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Регламентым и 41-нэ статьям и Іыхьэ 1-м тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещl**:

1. 2017 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и гъатхэ сессиер мэкъуауэгъуэм и 30-м иухыу, бжьыхьэ сессием щыщхьэулум и 28-м щlидзэжу гъэувын.

2. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщl ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2017 гъэм накъыгъэм и 25-м
№707-П-П

Лъагъуныгъэмрэ нэмысымрэ зэlэпэгъуу

● Пшыхьхэр

Сыт хуэдэ лъэхъэнэми дэтхэнэ къэралми и зэlуэзэпэщагъэр къалъытэ абы и унагъуэ къызэрыгуэкlым иlэ псэукlэм и фlагъымкlэ, абы исхэр зыхуей ягъуэту гъащlэм зэрыхэтыфымкlэ. Унагъуэр жылагъуэм и быдапlэщ. Ар хъумэным къэралым гулъытэ лей хуригъэщым папщlэ. Лъэпкъ Зэкъуэтхэм я Зэгухьэныгъэм (ООН) и Ассамблее Нэхъыщхьэм илъэс 23-рэ ипкъкlэ игъэувауэ щытащ Унагъуэм и дунейпсо махуэр. Ар трагъэхуащ накъыгъэм и 15-м.

ДИ РЕСПУБЛИКЭМ илъэс къэс къыщызэрагъэпэщ Унагъуэм и махуэр щагъэлъапlэ зэхыхьэхэр. Абы екъэлlа махуипщl лэжьыгъэ купщlафlэ накъыгъэ мазэм зэфlихащ Налшык и бзылъхугъэхэм я советым, зи лэжьыгъэм хуэlэижь Дыджэш Лидэ я пашэу. Къалащхьэм и киногъэлъэгъуапlэм иджыблагъэ абы къыщызэригъэпэща гуфlэгъуэ пшыхьым и утыку кьрахьащ илъэс блэкlам иратаскlуэкlа лэжьыгъэм кърикlуахэр. Абы щагъэлъапlащ Налшык и унагъуэ нэхъыфlхэр, щагъэнэlуащ Бзылъхугъэхэм я къалэ зэгухьэныгъэм щыхь зиlэу хагъэхьахэр, «Налшык и бзылъхугъэ нэхъыфl-2016», «Бзылъхугъэхэм я гулъытэ» цlэхэр зыфlащахэр.

Махуэшхуэм хуэщlауэ, уз гъэгъарэ кьыхуеджэныгъэ зэмылlуэжьыгъэхэмкlэ гъэщlэрэщlат уардэунэр. «Кавказ пшэлъхэр» ныбжьыщlэ ансамблым хэтхэм абы и щыхьэпlэм деж джэгу щаублауэ къыщlыхьэ бзылъхугъэхэр абы хашэрти, я гукъыдэжьыр нэхъри кьаlэтырт. Адрей хьэщlэхэри утыкум хуарэзу итхэм Іэгу ину яхуеуэрт. Апхуэдэрэ зэхуэса нэужь, хьэщlэхэр ирагъэблагъащ уардэунэм и пэшышхэм. Гуфlэгъуэр щекlуэкlыну а пэшым и утыкур дахэу зэлъыбхат, удз гъэгъахэр кхъуэщlын инхэм ярыту кьеГъэуэвэкlат. Блыным кlэридзэ видеом щыплъагъурт илъэс блэкlахэм кьалэрпсо гулъытэ зыхуащlа унагъуэхэм, бзылъхугъэхэм я суратэхэр.

Зэlущlэр иригъэкlуэкlащ Къэбэрдей-Балъкъэр, Ингуш республикэхэм щыхь зиlэ я артисткэ, Урысей Артиадзэм и лауреат Даур Иринэ. Ар къыззхуэсахэм гуапэу ехъуэхъуащ махуэшхуэмкlэ икlи утыкур хуит хуищlащ махуэшхуэ концертыр зыубла Балкъхьз Тимур. Абы къыззхуэсахэм папщlэ игъэззащlащ «Адэ-анэ лъапсэр» уэрэд дахэр. Къыкlэлыкlуэу Даурым псалъэ иритащ Бзылъхугъэхэм я Налшык къалэ советым и пашэ Дыджэш Лидэ. Ар пшыхьым кьрихьэлlахэм ехъуэхъуащ Унагъуэм и дунейпсо махуэмкlэ икlи ахэр щыгъуаззэ хуищlащ зэlущlэм и утыку ирахьэну Іэхъугъуэхэм.

- Зэгурыlуэрэ зэдзlуэжьрэ, хабззрэ нэмысрэ щызекlуэ, зи мафlэр мыужьых унагъуэ лъэщым и хъумакlуэхэу, пщlэшхуэрэ нэмысрэ зяку илъу быныфlри зи Іэужь унагъуэ дахэ куэд кьедгъэблэгъащ нобэрей ди зэхуэсым. Аращ къыщежьэр цlыхухэм яхэлъ хьэл дахэ псори: лъагъуныгъэри, пщlэри, нэмысри, гумащlагъри, пэжыгъэри, - къыхигъэщащ Дыджэшым. - Апхуэдэу нобэ дгъэлъэпlэнущ къалэм, республикэм я зыужьныгъэм хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщl бзылъхугъэхэр, гулъытэншэу кьэдгъэнэнукъым ди жылагъуэ зэгухьэныгъэм и лэжьыгъэр кьыддззыгъэпlащlы цlыхухъухэри.

Дыджэшым фlыщlэ яхуищlащ Налшык къалэ администрацэм, КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэм, Бзылъхугъэхэм я зэгухьэныгъэм хэтхэм, пшыхь дахэр къызззгъэпэщыныкlэ дэlэпыкъуэгъу къаззрыхуэхъуам папщlэ.

Налшык администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэ Пащты Аслъэн утыкур хуит хуащlа нэужь, «Илъэсым и унагъуэ нэхъыфl» цlэ лъапlэр унэтlныгъэ зэмылlуэжьыгъуэхэмкlэ зыхуагъэфэщахэр утыку кьришащ, Іэгуаузшхуэм щlэту. Апхуэдэ хъуахэщ илъэс куэд лъандэрэ зэгурыlуэрэ зэдзlуэжьрэ зэдзэпсэухэу, жылагъуэм лъэныкъуэ куэдкlэ щыщапхьэхэу Уэтэрхэ Хьэмидрэ Лидэрэ, Боттаевхэ Валерэрэ Валентинэрэ, Никулинхэ Михаилрэ Ритэрэ, Зэрокъуэ Владимиррэ Мартиросовэ Ринэрэ, Хочуев Индрисэ Сарбашевэ Светланэрэ, Эфендиевхэ Фуlэдрэ Росинэрэ, Унэжокъуэхэ Тимуррэ Заремэрэ, Алокъуэхэ Хъусенрэ Ритэрэ, Погорельскэхэ Иванрэ Раисэрэ, АфlэунэхэУмаррэ Маритэрэ, Бачиевхэ Хьэмзэтрэ Софятрэ, Созаевхэ Алимрэ Мэрямрэ я унагъуэ дахэхэр. Абыхэм гуапэу ехъуэхъуащ Пащтыр, щlыхь тхылъхэр, саугъэт лъапlэхэр, удз гъэгъахэр щаритым, пэшышхуэм щlэсхэми гуфlэгъуэр даІыгъащ Іэгуауэ инкlэ.

«Налшык и бзылъхугъэ нэхъыфl-2016» цlэ лъапlэхэр хуагъэфэщащ къалащхьэм и зыужьныгъэм хэлъхьэныгъэшхуэ зэхуэсыщlа цlыхубз зыбжанэм. А унэтlныгъэм пашэ щыхъуахэм ящыщщ Эстетикэ гъэсэныгъэмкlэ центрым, Къззанокъуэ Жэбагъы и цlэр зезыхьэм, и унафэщl Къуныжь ХьэІишэт, зи ныбжь хэкlуэтахэм я унэ-интернатым и унафэщlым и къуэдзэ Шевцовэ Иринэ, филологие щlэныгъэхэм я доктор, профессор Хьэкlуащэ Мадинэ, Налшык къалэ администрацэм щэнхабзэмкlэ и Іэнатlэм и унафэщl Токъуий Мадинэ, КъБР-м щlыхь зиlэ и журналист Холлаевэ Марзият сымэ. Абыхэм удз гъэгъахэмрэ саугъэт лъапlэхэмрэ иратащ республикэм и къэрал, жылагъуэ Іэнатlэхэм фlыщlэ куэд къыщызыхьахэу Ахъуэхъу Анатолэ, Тхьэзэплъыж Мурат, Іумэт Мурат, Кьумахуэ Мухьэдин, Гуппоев Тимур сымэ.

Пшыхь дахэм и кlэухыу абы щагъэлъапlащ Бзылъхугъэхэм я къалэ зэгухьэныгъэм гулъытэшхуэ къахуэзыщlыщ, дапщэщи закъыщlозыгъакъуэ, УФ-м, КъБР-м, Абхъаз Республикэм гуязджэхэмкlэ щlыхь зиlэ я лэжьакlуэ, УФ-м и Къэрал саугъэтым и лауреат Фырэ Руслан.

Зэlущlэр я уэрэдхэмкlэ, кьафэ екlуэхэмкlэ яГъэдэхащ республикэм и артист цlэрыlуэхэу Даур Иринэ, Белоцерковская Динэ, Къуэдзокъуэ Алим, Холамханов Кьайсин, «Каллисто», «Іуащьхэмахуэ» творческэ гупхэм, Кавказ Ищхъэрэм Гъуэзджэхэмкlэ и къэрал институтым и студентхэм, курыт школхэм, сабий садхэм я гъэсэнхэм, нэгъуэщlхэмм. Зэхуэсыр зэхуащlыжащ Тухманов Давидрэ Поперечный Анатолийрэ зэдатха «Ящащхьм тес блэкlахэр» уэрэд цlэрыlуэмкlэ. Дыджэш Лидэрэ Даур Иринэрэ я пашэу ар яГъэззащlащ сценэм итхэми залым щlэсхэми, Іэтауэ яІыгъ нып хуэж цlыкlуэхэр дагъэхуарзэу.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.
Сурэтыр
Холлаевэ Любэ *трихащ.*

Генерал-майор Анзор Хьэту (1802 - 1856) илъэс 26-кlэ урысыдзэм къулыкъу щищlащ.

Удзыжьхэр фымыгъэс

● Фыщымыуэ!

МафIэсхэр къызыхэкlщхьэусыгъуэхэм гъатхэ зэманым хуэдэ зыбжанэкlэ хохьуэ. ПщlантIэхэм даш кlэрыхубжьэрыухэр, удзыжь гъуэхэр, итырыгъуэхэр мысакъыу зэрагъэсым насыпныншагъэ инхэр къыщишэ къохьу.

МЫБДЕЖ къыщыхэгъэщхьэхукlыпхъэщ гъавэ щlапlэхэм щелэжькlэ хабззэр куэдрэ къызэрызэпаудри. Зи гугъу тщlыр мэкъумэшхэкlхэм хухаха щыхэм удз гъуахэр е абыхэм я лъабжьэхэр кlэлъыплъныныгъэншэу зэрыщагъэсырщ.

Аращ къызыхэкlыр мафlэ гущlэгъуншэр гъавэ щlапlэхэм я мызакъуэу, мэзхэми епхъуэныр. Зызыубгъуа мафlэм псэупlэхэри ахэр зей цlыхухэри хесхьэ, псэущхьэхэмрэ къэкlыгъэхэмрэ хокlуадэ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, цlыху куэдым къафlощl удз гъуахэр щlым трагъэсыкlмэ, удзыщlэхэр нэхъ щlэхьыу къыхэжьныныкlэ ар сэбэп хъууэ. Абы щыгъуэми, щы щхьэфэр мафlэм иригъэфlакlуэркъым, хэлъ къарур игъэкlуащl фlэкlа.

Щlыгъжьыпхъэщ, удз плъабжьэхэр, кlэрыхубжьэрыху зэмылlэужьыгъуэхэр щы щхьэфэм щытрагъэсыкlкlэ, дунейм и щытыкlэр зэlызыгъэхъэ Іугъуэ фlей куэд дыззрыбауэ хьэуам къызэрыхьэри. Итlани, илъэс мин Іэджэ ипэкlи гъатхэ лъэхъэнэм цlыхухэм мафlэ щыщlамыдзэхэми, щlым удзыщlэхэр уэру къытеувэу зэрыщекlуэкlам егупсысыр машlэ дыдэщ.

КъБР-м ЩlыІуэпсым и хъугъуэфlыгъуэхэмрэ экологиемкlэ и министерствэм псоми ягу къегъэкlыж мы Іуэхум теухауэ республикэм и Правительствэм 2011 гъэм гъатхэпэм и 10-м къыдигъэкlа унафэ №462-ПП-м ипкъ иткlэ гъавэ щlапlэхэм удз гъуахэр щагъэсыну хуит зэрыщамыщlыр. А хабзэр къызэлызыудэхэр, нэгъуэщl хуит щамыщl щlыпlэхэм мафlэ щызэщlззыщlэхэри административнэ, уеблэмэ уголовнэ жэуапым ирашэлlэнущ.

Къэрал хабзэ тхылъхэм зэрыжаІэмкlэ, мыпхуэдэ тезыр лlэужьыгъуэхэр къэунэхуащ.

УФ-м и КоАП-м и 8.32 статьям и 2-нэ Іыхьэм ипкъ иткlэ:

- цlыхухэм сом мини 3-м къыщыщlэдзауэ сом мини 4-м нэскlэ йотхэжьу;

- къулыкъущlэхэм сом мин 15-м къыщыщlэдзауэ мин 25-м нэс;

- юридическэ жэуап зыхь Іэхъущlапlэхэм сом мин 15-м къыщегъэжьауэ мин 250-м нэс ирагъэпшын.

УФ-м и УК-м и 261-нэ статьям и 3-нэ Іыхьэм ипкъ иткlэ: сом мин 500-м къыщыщlэдзауэ сом мелуаным нэс къуэдыуэ тралъхьэ е сом мин 200-м къыщыщlэдзауэ сом мин 500-м нэскlэ йотхэжьу, абы къыщыщамыщlауэ, илъэсиз 8-м нэблагъэкlэ яГъэІыс.

Тафэхэм, мэзхэм мафlэс къыщыхъуауэ гу лъыфтэмэ, мыпхуэдэ телефонхэмкlэ фыпсалъэ хъунущ:

РДС: 97-38-76, линие «пщтырым» и телефонымкlэ: 77-05-06, УФ-м и МЧС-м КъБР-м щlиІэ и къудамэм: 01, 101.

ШАВАЕВ Ильяс,
КъБР-м щlыІуэпсым и хъугъуэфlыгъуэхэмрэ экологиемкlэ и министр.

ЛIыгъэр лъэужьыншэ хъуркъым

● Дзэлыкъуэ щlыналъэ

Дзэлыкъуэ щlыналъэм и администрацэм и пресс-Іуэхущlапlэм и лэжьакlуэ Щокъуий Іэминэ хьыбар къызэрыдигъэщlамкlэ, мыбы щекlуэкlащ майор Зыхъуэ Шафихь Елмырзэ и къуэм 1942, 1943 гъэхэм къыхуагъэфэщауэ щыта Вагъуэ Плъыжь орденитlым я тхылъхэр абы ипхъу Нинэ гуфlэгъуэ щытыкlэм иту етыжьным теухуа зэlущlэ. Мы Іуэхур зи фlыгъэр налог инспектор нэхъыщхьэ Нэхущ Ахьмэдрэ абы ипхъу Дианэрэ ирагъэкlуэкlа къэлъыхъуэныгъэ лъжьыгъэрщ.

Зыхъуэ Шафихь

ЗЭХЫХЬэм щыщащ Бахъсэн къалэм, Бахъсэн, Дзэлыкъуэ щlыналъэхэм я дзэ комиссар Сосналы Мухьэмэд, районым и Іуэхущlапlэхэм я унафэщlхэр, къуажэхэм я Іэтащхьэхэр, Зыхъуэ Шафихь и Іыхьлхэр, Нэхущхэ Ахьмэдрэ Дианэрэ.

Дзэлыкъуэ районым и щlыпlэ администрацэм и Іэтащхьэ **Джатэ Руслан** псом япэу зыхуигъэзащl лIыхъужьым и пхъум. ИужькlэЗыхъуэхэ я лъэпкъым фlыщlэшхуэ яхуищlащ къэралым, республикэм, Дзэлыкъуэ щlыналъэм апхуэдэ зауэлI хахуэ зэрыратмкlэ. Псалъэ гуапэ яхужиІащ къэлъыхъуэныгъэ лъжьыгъэхэр езыгъэкlуэкlа Нэхущхэ я унагъуэми.

Нэхущ Ахьмэд зэрыжиІамкlэ, Шафихь Бабыгуей (иджы Сэрмакъ къуажэм) 1916 гъэм къыщалъхуащ, зауэм ипэкlэ комсомолым и Нагорнэ райкомым и бюром хэтащ. 1937 гъэм абы Альтуд Катя щхьэгъусэ къыхуэхуащ. Абыхэм бынитI - Нинэрэ Борисрэ - зэдагъэтащ.

Зыхъуэ Шафихь лIыгъэшхуэ хэлъащ. ИлъэситI иримыкъум абы Вагъуэ Плъыжь орденищ къыхуагъэфэщащ. Аршхьэкlэ, орденитIыр къратыну хунэмысу зэхэуэхэм ящыщ зым щаукlащ. 1943 гъэм жэпуэгъуэм и 26-м екlуэкlа зэпэщlэуэвэныгъэхэм хэкlуэдахэм я нагъуэмкlэ, Шафихь Бабыгуей (иджы Сэрмакъ къуажэм) 1916 гъэм къыщалъхуащ, зауэм ипэкlэ комсомолым и Нагорнэ райкомым и бюром хэтащ. 1937 гъэм абы Альтуд Катя щхьэгъусэ къыхуэхуащ. Абыхэм бынитI - Нинэрэ Борисрэ - зэдагъэтащ.

Зыхъуэ Шафихь лIыгъэшхуэ хэлъащ. ИлъэситI иримыкъум абы Вагъуэ Плъыжь орденищ къыхуагъэфэщащ. Аршхьэкlэ, орденитIыр къратыну хунэмысу зэхэуэхэм ящыщ зым щаукlащ. 1943 гъэм жэпуэгъуэм и 26-м екlуэкlа зэпэщlэуэвэныгъэхэм хэкlуэдахэм я нагъуэмкlэ, Шафихь Бабыгуей (иджы Сэрмакъ къуажэм) 1916 гъэм къыщалъхуащ, зауэм ипэкlэ комсомолым и Нагорнэ райкомым и бюром хэтащ. 1937 гъэм абы Альтуд Катя щхьэгъусэ къыхуэхуащ. Абыхэм бынитI - Нинэрэ Борисрэ - зэдагъэтащ.

Зыхъуэ Шафихь лIыгъэшхуэ хэлъащ. ИлъэситI иримыкъум абы Вагъуэ Плъыжь орденитI зэрыхуагъэфэщащ щlыхьэт теухуэ тхылъхэр. Абы мы Іуэхур къызэзыгъэпэщащэм фlыщlэшхуэ яхуищlащ.

Сосналы Мухьэмэд жиІащ зауэм хэкlуэдахэм я фае-плъым районым гулъытэшхуэ зэрыщыхуащlыр и гугъэ зэрыхьур.

МАХЪШОКЪУЭ Мухьэмэд.

Щыуэпсым и макъ

● Къэрэшей-Шэрджэс

Рычэпстэ

«Архыыз» зыгъэпсэхупIэр, «Кавказ Ищхъэрэм и курортхэр» компаниемкIэ мэлажьэ. А курортым и Iэгъуэблагъэм зыщыщыпIыхьхэм, зыщыщызыгъэпсэхуэхэм я бжыгъэм иужьрей илъэсхэм хэхъуэ зэпытщ. Апхуэдэ кьабзэу хохъуэ а щIыпIэм и тхыдэм, абы щыпсэуа лъэпкъхэр зыхуэдэм зыщыщызыгъэгъуэзэну хуейхэм я бжыгъэмэ.

ГУ ЛЪУМЫТЭНКIЭ Iэмал иIэкъым, иджырей Архъызым и Iэхэлъахэм къэрэшейхэр зэрыщитIысыкIам кхыхэкIыу, а бгылъэ щIыпIэхэм я тхыдэри, фIэщыгъэу зэрахьэхэри а лъэпкъым и закъуэ езыпIхыну хущIэкъуэхр куэду зэрыщыIэм.

Мы Iуэхур зы тхыгъэм щытхузэмыгъэзахуэми, Инжыджыщхуэ и псыхъэщхьэхэм узыщрихьэлIэ щIыпIэцIэхэм ящыщ зым, Рычэпстэ (Речепста) фIэщыгъэм, и гугъу тщIынщ. Апхуэдэу йоджэ Къэрэшей-Шэрджэсым къухьэпIэ лъэныкъуэмкIэ щыIэ и къуршылъэхэр зэпызыщIэ Абиширэ-Ахубэ бгы шытх екIуэкIым къыщежьэ псы бгъунж цIыкIуми, ар зи лъабжьэ щIэж Iуащхьэ джафэшхуэми (метр 3214-рэ и лъагагъщ), Уарпрэ Лабэрэ я псыхъащхьэхэм уизышэ щхьэдзыбпIэхэми. Рычэпстэ псыр Архъыз цIэр зезыхьэм холъадэ. Архъыз Псыш хохуэж. Псыш Инжыджышхуэ и кIуапIэщ.

Абхъаз-адыгэ щIыпIэцIэхэр щытепщэу щыта щIыпIэхэм ящыщщ Инжыджышхуэ псышхуэм зыкъыщIэзэщIикъуэ къурш жьанэхэри. АбыкIэ щыхьэтщ Архъыз хэлъэдэж Рычэпстэ псы цIыкIум зэреджэр. ФIэщыгъэр тынш дыдэу абхъаз-адыгэбзэхэмкIэ къыбгуроIуэ. Апэ пычыгъуитIым, «рычэ»-м, «жьауапIэ», «псыпцIалъэ» мыхьэнэхэращ къарыкIыр (абхъазыбзэщ). ЕтIуанэ пычыгъуитIым хэт «псы»-р абхъаз-адыгэбзэхэм зэдай псалъэщ, «та»-р щIыпIэр къэзыгъэлъагъуэщ», - щетх тхыдэ щIэныгъэхэм я кандидат Фёдоров Яков «Топонимика Западного Кавказа и некоторые вопросы его этнической истории» («Кавказ КъухьэпIэм и топонимикэмрэ и этно-тхыдэмрэ ехьэлIа языныкъуэ Iуэхугъуэхэр») и тхылъ гъуэзэджэм и 282-нэ напэкIуэцIым.

ЩIыпIэцIэхэр джыным куэд щIауэ дихьэх лъахэхутэ-щIэныгъэлI цIэрыпIуэ Твёрдый Александр «Кавказым и топонимикэ псалъалъэ» и тхылъым, 2011 гъэм къыдэкIам, зэрыщитхымкIэ, «Речепста» фIэщыгъэр «Дыгъэ зыдэмыпсэ псыхъуэ» мыхьэнэми хуэбгъакIуэ хъунущ.

Абиширэ-Ахубэ

Къэрэшей-Шэрджэсым щыIэ бгылъэ щыналъэщ, къурш тхыцIэ, шытх теплъэ иIэу. Загедан Iуащхьэм (метр 3099-рэ и лъагагъщ) къыщыщIедзэри, къуэкIыпIэ лъэныкъуэмкIэ щыIэ Джэмэрыкъуэ щыгум (метр 3180-рэ и лъагагъщ, къэрэшейхэм «Джемараклы-Тебе» фIащащ) нос.

ЗэрыНэрылъагъущи, «Абиширэ-Ахубэ» щыпIэцIэр пычыгъуитIу зэхэлъщ. Апэр, «Абиширэ» Iыхьэр, бзэ щIэныгъэлIхэм и нэхъыбапIэм къыззралъытэмкIэ, унагъуэцIэ гуэрым, Абэшырхэ, къытехъуькIащ. Ар хэтэ къэрэшейуэ егъэув, мыдрейхэми ар абазэ пхэнкъым яIэ лакъуэцIэм ирапх.

ФIэщыгъэм и етIуанэ пычыгъуэр, «Ахубэ» Iыхьэр, щIэныгъэлIхэм ящыщ куэдым адыгэбзэм хэт «хъупIэ» псалъэм хуахь. Ауэ щыхъукIи, «Абиширэ-Ахубэ» щыпIэцIэр абыхэм «Абэшырхэ я хъупIэ» мыхьэнэм хуагъакIуэ.

Мы щыпIэцIэм теухуауэ Iуэху еплъыкIэ щхьэхуэ зиIэхэм ящыщщ Къэрэшей-Шэрджэсым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым къэбэрдей-шэрджэсыбзэмрэ абазэбзэмкIэ и къудамэм и унафэщI, филологие щIэныгъэхэм я доктор Иуан Сарият. Араща ящэу кхьэхэзылъхьар «Абиширэ-Ахубэ» фIэщыгъэм и етIуанэ Iыхьэр «Ахубэ» зыхужаIэ абхъаз цIыхухъущIэм е унагъуэцIэм къытехъуькIагъэнкIи зэрыхъунур.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Аскъалей - Теуклэж щыналъэм щежэж Мартэ псым и сэмэгурабгъумкIэ къыщыс жылэ. Нэхъ пасэу къуажиц (Арэпий, Аскъалей, Еджырыкъуей) зэхьыхьэри Аскъалей фIащыжащ. ЗэрыжаIэжмкIэ, зэкъуэшитI щыпсэуащ а щIыпIэм - Чысэбийхэ Аскъалрэ Гъуэтрэ. ЩIэину кьалъыса щIыпIэр тIууэ ягуэшыжри, щхьэж и цIэр и жылэм фIищыжат. Аскъалей 1850 гъэм къэунэхащ.

Аскъалэ - пасэрей зэманым Азов апхуэдэу еджэу щытащ.

Дауэ я сын - Псыхуабэ и Iэгъуэблагъэм щыIэ сыныШхуэщ. Абы тхыгъэ тетыр алыджбзэкIэ тхащ, цIыху, псэущхьэ зэхуэмыдзэкэр кхыхэбзыкIащ. Гольденштедт зэритхыжамкIэ, къэбэрдейхэр а сыным Дыкъуэ-БэчкIэ еджэу щытащ.

Джэдуунэ - Лабинск кьалэр къызытехъуькIыжа жылэм араш зэреджэу щытар. Ауэ ар «джэдум и унэрэ» зэхэгъэкIыгъуейщ.

Джэгъэтей - тенджвз ФIыщIэм деж щыпсэуа убыхэжмрэ шапсыгъэжмрэ къызытехъуькIыжа зыхь лъэпкъым куржьхэр кхызэреджэу щытар araщ.

Жыгъеибг - Красноалександровский жылэм кхьипщщыт щыхупIэм зэреджэр араш. Жыгъэибг жыпIэмэ, «жыгъэм ибг» жиIэу къокI, Жыгъеибг жыпIэмэ, «жыр щагъеиж бгы» мэхъу. IуэрыIуатэм кхызэрыхэщыжымкIэ, жьы хуахэр мы бгым ирадзыхырт.

Зэрэгъыж - Жаныкъуей. Жэмтхъэлэпсымрэ Псыгуэнсумрэ щызэхэлъадэм деж щыс къуажэ. ФIэщыгъэцIэм «гъын» псалъэр лъабжьэ хузэхуауэ хуагъэфащэ. Къуажэм дэс Хьэмгъуэкъуэ я нэхъыжьыфIым зэрыжиIэмкIэ, Агъ-Зэрэгъыж и цIэу лIы хахуэ псэуащ адыгэр кърым тэтэрхэм щезауэм. Ар и лIыгъэмкIэ апхуэдизкIэ цIэрыIуэти, бийм Зэрэгъыж и цIэр зэхихамэ, щтэрт. НэгъуэщIу кхызэрыпэмыльэщынр къагурыIуэри, Зэрэгъыжыр жейуэ яуклIауэ щытащ. ПIыр щауклА щыIпIэм Зэрэгъыж далъэдапIэ фIещыжащ. Псыгуэнсу кхыдэкIыу, абдеж ТIысыжа жылэм Зэрэгъыж и цIэр я къуажэм фIащыжащ.

Исльэмей - Алъэсчыерей, Бжьахъуэкъуей жылэхэр зэхуэхьэу къуэнэхуа, илъэси 100 и пэкIэ ПIамплэжьыкъуэ, Зеикъуэ деж, кхыдэкIа унагъуэ гупым къызэрагъэпэща къуажэщ.

Науэжьыдзэ - Балъкъэр Бахъсэнрэ я зэхуаку дэт Iуащхьэ. Ар жьэдэбзыкIауэ, папщIэу зэрыщытым кхьэхэIыу, фхызжьым и дзэм ирагъэщхьу фIащауэ араш.

Куба - нэхъапэм Хьэсэнбийхьэблэрэ Агубэчейкьэблэрэ жиIэу зэхэсу щыта къуажэ. ХьэтIохъущыкъуей Ищхъэрэм иIэпхъукIыу а щIыпIэм щытIысауэ щыта ХьэтIохъущокъуэ Хьэсэнбий и цIэр хьэблэм фIащыжри, зыкъомри зэрихьащ. Агубэчейр кхызытехъуькIар 19-нэ лIэщIыгъуэм Щэджэм Iуфэ иIэпхъукIат. ИужьыIуэкIэ къуажэм Куба фIащащ, хьэрыпIьэзэкIэ «кубэм» щхьэ хъурей (купол) жиIэу араш кхикIыр. Апхуэдэ фIэщыгъэцIэр къуажэм хуагъэфэщэн хуей щIэхъуар щIыпIэм пэгунэгъуу зи унащхьэр хъурей мавзолей зыбжанэ щхьэщыту щыIэти араш.

КIУЭКIУЭ Жэмалдин.
«Из адыгской ономастики» тхылъым къитхыжащ.

● ЩIыпIэ жыжьэхэм

Псы пщтыр къыщIэкIыпIэхэм я щIыналъэ

Шыпсэм кхыхэкIам хуэдэу, Атлантикэуаем пэмыжьжьэу зы хытIыгу телъыджэ щыIэщ - Исландиер. «Шынагъуэу дахэщ» жаIэ абы щхьэкIэ: вулканхэр, псы пщтыр къыщIэкIыпIэхэр (гейзерхэр), гуэлхэр щыкуэду, щIымылхэр бгым къещэтэхыу апхуэдэщ. Исландием и къалащхьэ Рейкьявик километри 100-кIэ пэжьжьэщ ди псалъэмакъыр зытеухуа псы пщтыр къыщIэкIыпIэ телъыджэхэр.

ЖЬЖЬЭУ уплъэмэ, бахъэ хужьыщхуэхэм зэм лъагэу заIэт, зэми зыри къэмыхьуам хуэдэу, сабыр мэхъуж. ХытIыгур къызэIуэзыха, хым щызекIуэ норвег Арнорсон Ингольфур 871 гъэм абы щесылIам япэ дыдэу гу зылъитар а бахъэхэрати, «бахъэм хэт кхъуэ увыIэпIэ» кьриГъэкIыу, Рейкьявик фIищауэ щытащ иджы къалащхьэ хьуам. Исландием псы пщтыр къыщIэкIыпIэу 30-м нэс щыIэщ. Абыхэм ящыщу нэхъ лъагэ дыдэу дэкIуейр Грила жьыхуаIэращ. Ар сыхьэтитI къэс къокI. Строккур гейзерыр дакъикъи 5 - 10 къэскIэ кхрехуу.

Нэхъ цIэрыIуэ дыдэр Гейсир жьыхуаIэ псы къыщIэкIыпIэращ. Ар къыщикIкIэ псы пщтыр ящыр метр 60-кIэ дрехуей, ауэ илъэс бжыгъэкIэ «щыжеи» щыIэщ. И сабырыгъуэхэм деж метр 18 зи бгъуагъ, 1,2-рэ зи куугъ гуэл удзыфэ цIыкIущ. Гейсиры 1294 гъэм къэунэхуауэ жаIэ, щIыхьэйм къыдэхъуауэ. Кьалщтэмэ, псы пщтыр къыщIэкIыпIэхэм я «лъжьыгъэр» зэлъытыжар щыхъэйехэращ. Псалъэм и хьэтыркIэ, 1630 гъэм, Исландием щIыхьэй шынагъуэ щыщыIам, гейзер зыбжанэ къэунэхуащ. Абы щыгъуэ щIы лъабжьэр апхуэдизкIэ зекIуэрти, макъышхуэ ищIу гъуагъуэрт.

Гейсир XIII лIэщIыгъуэм къэунэхуами, илъэс 500-кIэ зиIэтакъым, 1896 гъэм щIыр хъея нэужь, махуэм и кIуэцIкIэ щэ-плIэ псы къэкъуалъэр кьрихуу хьуат. 1901 гъэм ар сыхьэт ныкъуэ къэскIэ кьикIырт, 1915 гъэм махуэм 5 кьикIыу хъуащ, 1916 гъэм увыIэжьпащ. Абы лъандэрэ Гейсир кхъэзрикIар Iэпэкlэ кхъипхуэбжьнущ, ауэ дэтхэнэри гукъинэжщ.

Сыт-тIэ, гейзерхэр зищIысыр, дауэ кхъэзрыпхъур, дэнэ кхъэздикIыр? Вулкан здэщыIэ щIыпIэхэм щIы лъабжьэ гъуэмбэхэри щыкуэдщ. А гъуэмбхэм щызэтрихьэ псымрэ бахъэмрэ щIы пщтыркъиГъэхуэба нэужь, псыр щIым щIэмыхуэж мэхъури, къаруушхуэ иIэу кхыдрехуей. ЩIым и пщтыратым елъытащ гейзерым и кхикIыгъуэхэри.

Псы пщтыр къыщIэкIхэр кхьабзэщ, хущхъуэщ, хлоридно-натриевэ е хлоридно-гидрокарбонатно-натриевэу зэхэлъщ. Пщтыр жыпIэмэ, пщтыру къэнэжькрыпм апхуэдэ псыр, атIэ къэкъуалъэщ, градуси 100-м нэхърэ нэхьыбэ зыIыгъи кхахокI.

Исландием и закъуэкъым гейзерхэр здэщыIэр. Урысейми, США-ми, Новэ Зеландиеми, Чилими щыбгъуэтынущ. Ауэ, дауи, псы пщтыр къыщIэкIыпIэхэм я нэхъыбапIэр здэщыIэр Исландиераш.

ТАМБИЙ Гущэмахуэ.



Хъыбар гъэщIэгъуэнхэр

●УФ-м и Тхылъ плъыжьым иратха дзыдзэр иужьрей илъэси 10-м кьриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэзхэм япэ дыдэу щалъэгъуащ. Республикэм щыхэхъуащ кхуршбжьнымрэ мышэмрэ я бжыгъэр.

●Жанхъуэтекъуэ щыщ Махиев Мыхьэмэт гъатхэр къызэрихьэрэ зы махуэ димыгъэкIауэ я къуажэр егъэкъабзэ: кIэрыхуэбжьэрыхуэрэ зэхуехьэсри, зэхедз, гъуэгубгъум Iут жыгхэр еухъуэнщI, гъуахэр ирех. Абы и фIэщ мэхъу щIыуэпсыр хъумэн зэрыхуейр и кIуэжьгъуэхэм къагуригъэIуэфыну, мы Iуэхур къыдаIыгъыну. «Жанхъуэтекъуэ Бахъсэн щIыналъэм и набдзэ хъуну сохъуапсэ. Ар къуажэ администрацэм щIэсхэм я мызакъуэу, къуажэдэхэми я зэхэщIыкIым елъытащ», - жеIэ Мыхьэмэт.

●КъБР-м щыщ щIэныгъэлIхэм гъущIым нэхърэ нэхъ быдэ полимер къагупсысащ. КъБКъУ-м и щIэныгъэлIхэм зэфIэкIышхуэ зэраIэр дуней псом щащIэ, хамэ къэрал къыщыдэкI журналхэм мызэ-мытIэу къытехуащ а къэхутэныгъэхэм ятеухуа тхыгъэ. Иджы ди щIэныгъэлIхэм къагупсыса полимеры гъущIым нэхърэ 6-кIэ нэхъ быдэщ, тIукIэ нэхъ псынщIэщ, радиацэр еубыдащ, щIыIэмрэ хуабэмрэ ящыщыныкъым, кхыхэпщIыкIыну узыхуейм елъытауэ, и щытыкIэр пхъэуэ жыжьэ. ЗэрыжаIэмкIэ, кхъухьлъатэ, ракетэ зыухуэхэм мы полимерыщIэр сэбэн яхуэхъунущ.

● УпщIэ - жэуап

Жыгхэр щIрахым и щхьэусыгъуэр

Иужьрей зэманым кьалэ уэрамхэм щыдолъагъу гъуэгу Iуфэм Iут жыгхэр ирахыу, я щхьэкIэр пахыу. Кьалэдэсхэр абыкIэ арэзыкъыми, «сыт ди бынхэр зэрыбэуэнур, кьалэр жыгынщэ ящIмэ?», - жаIэу Интернетым щызэхуотхьэусыхэж. Сыт-тIэ, жыгхэр къыщIратхъыжыр?

КОММУНАЛЬНЭ, мэз Iуэхущ Iапэхэм я пщэрылъщ кьалэм къэкIыгъэу дэтым кIэлъыплъыныр. Мы Iуэхущ Iапэхэр зэуIуу мэлажьэ, икIи уэ зыпкърыт, зи кур ифыкIа, зэран хъу, теплъэм къемызэгъ, лейуэ кьалъытэ жыгхэр ираупщIыкI. Ауэ абы и пэ кьихуэу биологхэр кьрагъэблагъэри, Iуэхур зэхагъэкI. Псалъэм папщIэ, дамыгъэ плъыжь зытедза жыг къэфлъагъумэ, зэвгъащIэ - ахэр куэд дэмыкIыу ираупщIыкIынущ.

Ухуэныгъэ щрагъэкIуэкIыну къыщIэпхэм и жыгхэрэ щрах къохъу.



● ЩIыпIэцIэхэр

Къубэ - Куба

Зэрэгъыж - Жаныкъуей. Жэмтхъэлэпсымрэ Псыгуэнсумрэ щызэхэлъадэм деж щыс къуажэ. ФIэщыгъэцIэм «гъын» псалъэр лъабжьэ хузэхуауэ хуагъэфащэ. Къуажэм дэс Хьэмгъуэкъуэ я нэхъыжьыфIым зэрыжиIэмкIэ, Агъ-Зэрэгъыж и цIэу лIы хахуэ псэуащ адыгэр кърым тэтэрхэм щезауэм. Ар и лIыгъэмкIэ апхуэдизкIэ цIэрыIуэти, бийм Зэрэгъыж и цIэр зэхихамэ, щтэрт. НэгъуэщIу кхызэрыпэмыльэщынр къагурыIуэри, Зэрэгъыжыр жейуэ яуклIауэ щытащ. ПIыр щауклА щыIпIэм Зэрэгъыж далъэдапIэ фIещыжащ. Псыгуэнсу кхыдэкIыу, абдеж ТIысыжа жылэм Зэрэгъыж и цIэр я къуажэм фIащыжащ.

Исльэмей - Алъэсчыерей, Бжьахъуэкъуей жылэхэр зэхуэхьэу къуэнэхуа, илъэси 100 и пэкIэ ПIамплэжьыкъуэ, Зеикъуэ деж, кхыдэкIа унагъуэ гупым къызэрагъэпэща къуажэщ.

Науэжьыдзэ - Балъкъэр Бахъсэнрэ я зэхуаку дэт Iуащхьэ. Ар жьэдэбзыкIауэ, папщIэу зэрыщытым кхьэхэIыу, фхызжьым и дзэм ирагъэщхьу фIащауэ араш.

Куба - нэхъапэм Хьэсэнбийхьэблэрэ Агубэчейкьэблэрэ жиIэу зэхэсу щыта къуажэ. ХьэтIохъущыкъуей Ищхъэрэм иIэпхъукIыу а щIыпIэм щытIысауэ щыта ХьэтIохъущокъуэ Хьэсэнбий и цIэр хьэблэм фIащыжри, зыкъомри зэрихьащ. Агубэчейр кхызытехъуькIар 19-нэ лIэщIыгъуэм Щэджэм Iуфэ иIэпхъукIат. ИужьыIуэкIэ къуажэм Куба фIащащ, хьэрыпIьэзэкIэ «кубэм» щхьэ хъурей (купол) жиIэу араш кхикIыр. Апхуэдэ фIэщыгъэцIэр къуажэм хуагъэфэщэн хуей щIэхъуар щIыпIэм пэгунэгъуу зи унащхьэр хъурей мавзолей зыбжанэ щхьэщыту щыIэти араш.

КIУЭКIУЭ Жэмалдин.
«Из адыгской ономастики» тхылъым къитхыжащ.

КIэрыхубжьэрыхуэм дыщIагъэнэ

Нобэ ЩIым щопсэу цIыху меларди 7,5-рэ. ЗэрыгурыIуэгъуэщI, цIыхухэм я бжыгъэм хэхъуэхукIэ, кIэрыхубжьэрыхуэхэри нэхьыбэ мэхъу, ауэ иджы хуэдэу пхъэнкIийр дэнэкIи щикъухьауэ щытакъым зэи.

Куэншыбрэ кIэрыхубжьэрыхуу губгъуэм иткIутэр, псым хэткIутэр Iэужьынщэ хъурхъым: абыхэм узыфэ зэмылIужьыгъуэ куэд кьахокI, псэущхьэхэмрэ хьэкIэкхъуэкIэхэмрэ зэран яхуохъу, хьэуар, псыр яуфIей.

Нэхъапэ Iуэкlэ пхъэ, тхылъымпIэхэкIэр щIым хэкIуэдэжу щытамэ, нобэ гъущIхэкI, радиоактивнэ пкъыгъуэ, пластмасс, щIым хуэмыгъэткIу кьинэмыщI куэдкIэ ди щIыр докуээ. Псалъэм папщIэ, илъэсым къриубыдэу пластмасс тпулькIэ мелард 200, стэкан цIыкIуу мелард 58-рэ хьифыдодзэ. А псор, зэрыгурыIуэгъуэщи, щIым щIофыхь, абыхэм къапкърыкI щхъухь гуащIэхэр щIым къыщIэтш псы дызэфэм къыхолъадэ, къэкIыгъэхэм зыщIашэ, дэ ар дошхьж.

Къэбэрдей-Балъкъэрым кIэрыхубжьэрыхуу идзыпIэ зыбжанэ иIэщ, цIыхухэм зэран яхуэхъуу, иращIэнур ямыщIэу, хабзэм къемызэгъми, Iэмалыншагъэкlэ абдежэм щызэхуахьэсхи хуей хъуауэ. Псалъэм папщIэ, Аруан щIыналъэм и гъуэгубгъур пхъэнкIий идзыпIэ ящIри, псалъэмакъ куэд къекIуэкIащ, иужьым кIэрыхубжьэрыхуэхэм щелэжь Iуэхущ Iапlэ къызэIуахри, зэман кIэщIкIэ куэншыбыр зэтрахащ. Нобэкlэ апхуэдэ пхъэнкIий идзыпIэхэр къуажэ къэс щыIэщ, ауэ КъБР-м и Жылагъуэ палатэм зэрыщыжаIамкIэ, нэхъ фIей дыдэу республикэм щыIэр Май къалэмрэ Дзэлыкъуэкъуажэ, Зеикъуэ, Къэрэгъэщ, Щхьэлыкъуэ, Лашынкъей, Красносельское, Малкэ къуажэхэмрэщ.

Сыт ар къызыхэкIыр жыпIэмэ, къуажэм и кIэрыхубжьэрыхур зыхуей хуагъэзэн хуэдэу администрацэхэм ахъшэ иратыркъым, республикэм апхуэдэ Iуэхущ Iапlэ закъуэтIакъэщ щыIэри, а псом пэлъэщыркъым.

КIэрыхубжьэрыхуэхэм зэрелэжьыж щыкIэм, хамэ къэралхэм я Iуэхур зэрыщыгъэувам тыдогъэпсэлъыхь КъБКъУ-м и профессор, химие щIэныгъэхэм я доктор Мэшыкъуэ Нурхьэлий.

- Нурхьэлий, мы дунейм сыт къыщIекIуэкIрэ кIэрыхубжьэрыхуэхэм ятеухуауэ?

- Псом япэрауэ, къыхэгъэщыпхъэщ: илъэсым тещIыхьауэ зы цIыхум хуозэ кIэрыхубжьэрыхуу килограмм 300. КъызэрыгуэкI цIыхум и унэ щIихьм и проценти 10-р гъэсныпхъэщ, 25-р - ерыскъыпхъэщ, 50-р - полимерщ, 15-р - гъущIхэкI, бзыпхъэ, абдж, хьэфэ, кьинэмыщIхэращ. Куэд егупсысу пIэрэ хьифадза пхъэнкIийм адэкIэ иращIэм, здахьым? ЗэрытщIэмкIэ, ди кIэрыхубжьэрыхуэр машинэшхуэхэмкIэ губгъуэм яшэри иракIут, зэтраубэ. Европэм и къэрал зызыужьахэм нэгъуэщIщ щытлъагъур: кIэрыхубжьэрыхур зэхадз, унэм щIэхын и пэ къихуэу. ТхылъымпIэр, абджыр, полимерыр щхьэхуэ-щхьэхуэу зралъхьэ яIэщ. Е пщIантIэ кIуэщIым кумбыгъэшхуищ къыдаГъэувэ, кIэрыхубжьэрыхуэр зэхэгъэщхьэхукIаУэ ирадзэу. Ар нэхъ тыншыжщ. Машинэшхуэхэр къыкIэлъокIуэри, кIэрыхубжьэрыхуэм щелэжьыж заводхэм зыхуей щыхуагъазэ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ мэзри, хьэуари, псыри, щIыри яхъумэ. Дауэ жыпIэмэ, тхылъымпIэр ягъэвэжурэ, ягъэкъэбзэж, абджыр ягъэткIуэ, полимерыр мономеру зэпкърагъэхужри, щIэрыщIэу нэгъуэщI хьэпшып зэмылIэужьыгъуэхэр зэрыхащIыкIыж. ЗэрыгурыIуэгъуэщI, абы мыпIку нэхъ мащIэ токIуадз, псалъэм папщIэ, мэзым пхъэ къыщIэпшу тхылъымпIэ къыхэпщIыкI нэхърэ.

- Сыткlэ щынагъуэ кlэрыхубжьэрыху идзыпlэхэр?

- Псом япэрауэ, абы-хэм «парниковый эффект» жьыхуэтIэр къашэнкIэ хъунущ, кьищынэмыщIауэ, кхыхиху гъуэзыр фIейщ, щхъэхьщ. Ар узгум йохьэ, жьауэм хуэдэу ди щIыгум къыщхъэщогъуагъэхьэри, дыгъэпсыр кхыпхыкIыу, ауэ хьэрщым имыгъэзэжкIэ фурэ, хьэуар кьеГъэплъ. Хуэбагъэм зэхъуэху, мылхэр мэткIу, дунейпсо тенджызым зыкъеIэт. ЕтIуанэрауэ, кIэрыхубжьэрыхуэр езыр-езырурэ зэпкърыхужьыркъым, ахэр илъэсищэ бжыгъэкIэ щIым хэлъыфынущ зэран хъууэ. ЩIыр зыхуей хуэбгъэзэжныным зэман куэдрэ мыпIкъушхуэрэ токIуадз. Ещанэрауэ, дунейр щыхуабэм деж кIэрыхубжьэрыхуэм мафIэ къащIэнжкIэ щынагъуэщ. Псалъэм папщIэ, дезодрант кхэплъар кхауэрэ тхылъымпIэм щIэнэмэ, Iэгъуэблагъэм ит къэкIыгъэхэм, жьыгхэм зридзынущ.

- Къэбэрдей-Балъкъэрым и гугъу пщIымэ-ш?

- Ди республикэм къыщекIуэкIыр псори нэрылъагъущ - кьуажэ, кьалэ къэс щIыпIэ хэха яIэу, абы щызэтракIутэу аращ кIэрыхубжьэрыхуэр. Аруан куейм гъуэгу Iуфэм деж щызэтракIутэу щытат аХэр. Абы хуабжьу дигъэпIейтейт. А щIыпIэм пэмыжьжьэу завод щаухуэри, псори ягъэхьэзэжащ. Мис апхуэдэ заводхэр район къэс дэщIыжьыпхъэщ, ди республикэ дахэр адэжкIи щIэрэщIэн папщIэ. «КомбиТех» технологиер къагъэсэбэпу, хамэ къэрал Iуэхущ Iапlэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым кIэрыхубжьэрыхум щелэжьыж завод зыбжанэ щрагъэхуэну зэрызэгурыIуэнум тепсэлъыхьащ иджыблагъэ. Дауи, ар фIы дыдэт, сыту жыпIэмэ, кIэрыхубжьэрыхум уелэжьыж щхьэкIэ мылъкушхуэ ухуейщ, ди къару зэкъуэкIи а Iуэхум дыпэлъэщынукъым. Ди республикэм «Экопункти» 10 щыIэщ, абыхэм абдж, пластмасс, тхылъымпIэ Iах, уасэ гуэр къыпэкIуэ. Бахъсэн къалэм щаухуэ зыбжанэ щрагъэхуэну щелэжьыну цех. Сэ зэрыслщIэмкIэ, а Iуэхущ Iапlэм Бахъсэн къалэм хъищыныэмыщIауэ, республикэм и адрей щIыпIэхэми краш-хэр щыIэхьнущ. ХьэрычэтыщIэ зыбжанэми дызытепсэлъыхь завод цIыкIуэм хуэдэ къызэрагъэпэщри, ари хъарзынэщ.

Епсэльар
ДЫГУЛЫБГЪУ Хьэзрэтщ.

● Абы дегъэпIейтей

НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар **ФЫРЭ Анфисэщ.**

● Си бзэ - си псэ, си дуней

Лъэпкъыр зэрыпсэум и нэщэнэ

«Адыгэ псалъэ» газетым къыхилъхьауэ КъБР-м Егъэджэныгъэмкlэ, щlэныгъэмрэ щlалэгъуалэм я Iуэхуэхэмкlэ и министерствэм илъэс куэд хъуауэ иригъэкlуэкl «Си бзэ - си псэ, си дуней» республикэпсо фестиваль зэпеуэм 2017 гъэм кърикlуахэр наIуэ щащ гуфlэгъуэ зэхьыхьэ иджыблагъэ щекlуэкlащ Шэджэм къалэм Щэнхабзэмкlэ и унэм.

ЦIыхУР щыпэкlу Iэхъуцlапlэм и щlыхьэпlэм и бгъуитlымкlэ еувэкlат адыгэ фащэ екlуэхэр зыщыгъ щlалэ къуданхэмрэ пщащэ цIыкIуэмрэ. Адыгэ къафэм и макъ дахэм дэхуарэзуу утыкум еджакlуэ цIыкlуэхэр къыщыфэрт. Адыгэ лъэпкъыр зэрыпсэум, анэдэлъхубзэр зэрарIурылъым и нэщэнэт зэм илъагъу псори, абыхэм уи гур хагъахъуэрт.

Егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэм къыхьхьэ Iэмалыщlэхэм тету анэдэлъхубзэр егъэджэныкlмкlэ бгъэдыхьэкlащlэхэр къэгъэнэхуэным, Iэзагъ им яхэлъу ахэр зи лэжьыгъэм хэзыпщэф курыт школхэр, сабий Iуэхущlапlэхэр, егъэджакlуэхэр, гъэпсакlуэхэр гъэпэжным, абыхэм я зэфlэкlым псори щыгъэгъуэзэным хуэгъэпса «Си бзэ - си псэ, си дуней» фестиваль-зэпеуэм щытекIуахэр гъэлъэпlэныр, адрей илъэсхэми хуэдэу, мы гъэми Iэтауэ, дахэу екIуэкlащ.

Удэзыхьэхт Iуэхущlапlэм и пэIущlэ пэшым деж къыщызэрагъэпэща «Сыту тельыджэ мы дунейр» фlэщыгъэр зиlэ гъэлъэгъуэныгъэр. Абдеж щыпльагъурт зэпеуэм хэта курыт еджапlэхэм, сабий гъэсапlэхэм, абыхэм щылажьэхэм, щеджэхэм я Iэдакъэщlэкlхэр. Сабийхэм ящlауэ зыхуумыгъэфэщэни яхэтт абыхэм, ауэ дэтхэнэри къызыхэщlыкlамрэ зэрелэжьа щыкlэмрэ уагъэльагъуу щыт езы еджакlуэхэри, апхуэдэу узэрегупсысам щхьэкlэ узышыукIытэжырт.

Адэкlэ хьэщlэхэр ирагъэблагъэщ зэхуэсыр щызэхэтыну пэшми, махуэшхуэр зэрекlуэкlыну зэрагъэпсам тету къыщlадзащ. Къызэхуэсахэр апэщlыкlэ Нарт лъахэм къыщагъэхутащ. Iуэрыlуатэм къыхэщыжж бзылъхугъэ Iущхэу утыкум зырызурэ къихьащ Мэлэчыпхъу, Дахэнагъуэ, Iэдииху, Сэтэней сымэ, дэтхэнэми и хьэл-щэнкlэ наIуэ пщызыщlащ псалъэхэр жаIэурэ. Здыкъэпсалъэм абыхэм гу лъатащ Инысжьыр хэзыгъащlэ Сосрыкъуэ нарт Хасэм зэрыхьыхьэм. Жьантlэм къыдэс нэхъыжьхэм нобэрей махуэшхуэр зэрекlуэкlынумкlэ хьыбар яхуиукъуэ арат нарт лIыхъужьхьм. Хасэ утыкур Сосрыкъуэ хуит хуащlри, лъапэхэтlэ нэхъыжьхэм къахуищlри, ахэр пшыхьым иригъэлIагъащ.

Зэlущlэр езыгъэкlуэкl, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щlыхь зиlэ и артистхэ Кlэхъмахуэ ФатIимэ махуэшхуэм егъэщlылIа пшыхьыр къызэIуихри, гуфlэгъуэ зэлущlэм кърихьэлIа хьэщlэ лъапlэхэм я цIэ къриIуащ. Абыхэм ящыщт Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмкlэ, щlэныгъэмрэ щlалэгъуалэм я Iуэхуэхэмкlэ и министр Емуз Нинэ, абы и къуэдзэ Шэнтыкъу Иринэ, КъБР-м и Парламентым и Унафэщlым и къуэдзэ Жанатаев Сэлим, Парламентым и депутат Хочуев Рэмзэан, Шэджэм щlынальэм и щlыпlэ администрацэм и унафэщl Текlуэ Артур, Шэджэм къалэ администрацэм и Iэтащхьэ Уэдыжь Хьэсанэ, Шэджэм щlынальэм егъэджэныгъэмкlэ и Iуэхущlапlэм и унафэщl Iэрыпщэ Жаннэ, КъБР-м и адрей щlынальэхэм, щlыпlэ управленэхэм, курыт еджапlэхэм я унафэщlхэр, нэгъуэщl куэди.

Зэlущlэр къызlуахыну утыкум къраГъэблагъэщ **Емуз Нинэ Нинэрэ Текlушэ Артуррэ**.

Ялэу псалъэ зрата **Емуз Нинэ** жиIащ:

- Хуабжьу си гуапэщ нобэрей зэлущlэм мыпхуэдизу егъэджакlуэрэ школакlуэрэ къыщзэрихьэлIар. Фи нэгум соллъэри, сольагъу абы кърих дзрэжэгъуэрэм нэжагъжагьымрэ икlи къызгуроIуэ а псори анэдэлъхубзэм хувиIэ лъагъуныгъэшхуэм и нэщэнэу зэрыщытыр. Сабийр и анэдэлъхубзэм дихьэхыу егъэджэныкlмкlэ, лъэпкъым бгъэдэль псэкупсэ къулеягъым ахэр ешэлIэныкlмкlэ, хабзэр, тхыдэр лъэпкъыбзэхэмкlэ и кафедрэм и унафэщl **Инчы Иринэ** утыкум кърагъэблагъащ, анэдэлъхубзэкlэ урок купщlафlэхэр зыта егъэджакlуэ пажэхэм фlыщlэ тхыльхэр яритыну.

Хьэхэу дахэкlэ пэшым щlэсхэм захуэзыгъэза Иринэ жиIащ зэпеуэм и кlуэцlкlэ дерс зэIухауэ, мастер-классу ирагъэкlуэкlам бжыгъэзэрымыIэр, дэтхэнэми гукъинэж пщыхьэр, псэм лъэIэсынхэр хэпльагъуэу зэрыщытар. Ауэ псори зэхуэдэу фIыуэ зэрыщымыIэм къыхэкlкlэ, анэдэлъхубзэр хъума, адыгэ литературэм еджакlуэ цIыкIуэр дегъэхьэха зэрыхъуным хуэгъэпса дерсхэр яГъэльэгъауэ къалъытэри, гулъытэ хуащlащ: еджакlуэхэр зэкъупсэу гъэсэным, лъэпкъ хабзэм, щэнхабзэм дегъэхьэхыным теуха дерс езыгъэкlуэкlа **Кlэрэф Заретэ** (Тэрч къалэ дэт 1-нэ лицейм адыгэбзэмрэ литературэмкlэ и егъэджакIуэ); анэдэлъхубзэр хуэсакъыу зехьэн зэрыхуейм ухуэзыгъасэ мастер-класс нэхъыфI зыгъэлъэгъуа **ХьэIупщы Маринэ** (Шэджэм къалэ дэт еданэ курыт школым адыгэбзэмрэ литературэмкlэ и егъэджакIуэ), классщlыб лжьыгъэхэм егъэджэныгъэ Iэмалхэр нэхъыфIу къыщигъэсбэпу къалъытащ **Жэмбэч Маринэ** (пэщlэдзэ классхэм я егъэджакIуэ, Альтуд къуажэ, 2-нэ школ), егъэджэныгъэ методикэм и Iэмалыфlхэр зи лжьыгъэм Iэкlуэлъакlуэу хэзыгъуанэ **Хьэхъупащlэ Лерэ** (Кнэжэ, 20-нэ школ, пэщlэдзэ классхэм я егъэджакIуэ).

Курыт школхэм урысыбзэмрэ литературэмкlэ, адыгэбзэмрэ литературэмкlэ я методическэ зэгуэныгъэхэм я лэжьыгъэр Iупщlу къызыхэщ презентацэ нэхъыфI ищlауэ жаIащ **Iуэхъу Аллэ** (Тэрч къалэ дэт 1-нэ лицейм адыгэбзэмрэ литературэмкlэ и егъэджакIуэ).

«Классщlыб зэIущlэ нэхъыфI» зыгъэхьэзырахэри гулъытэншэ ящlакъым мы махуэм. Абыхэм псалъэ гуапэкlэ захуигъэзэну, игъэгушхуэну утыкум кърагъэблагъат Бахьсэн къалэм егъэджэныгъэмкlэ и департаментым и методист **Афэщlагъуэ Маритэ**. Апхуэдэу къыхагъэщащ Шэджэм къалэ дэт еданэ курыт школым и егъэджакIуэхэр **Къармэ Мадинэрэ Къардэн Олесярэ**, Кэнжэ дэт 20-нэ школым и егъэджакIуэ **Унэжокъуэ Заремэ**, Анзорей дэт курыт школым и егъэджакIуэ **Шэджыгъэ Мадинэ** сымэ.

«Сыту тельыджэ мы дунейр» унэтIныгъэмкlэ зэпеуэм къыхэжаныкlа егъэджакIуэхэм ящlащlу: **Мэзло Рустам** (Альтуд къуажэм и 2-нэ курыт школым технологиемкlэ и егъэджакIуэ), **Къардэн ФатIимэ** (Альтуд къуажэм и 2-нэ курыт школым тхыдэмкlэ и егъэджакIуэ), **ЛIуп Марьянэ** (Кнэжэ дэт 20-нэ школым информатикэмкlэ и егъэджакIуэ), **Едгъул Джульеттэ** (Тэрч къалэ дэт 1-нэ лицейм адыгэбзэмрэ литературэмкlэ и егъэджакIуэ). Еджакlуэхэм ящlащlу ягъэпэжащ - екIуу, къэхуауэ зэрыпсалъэм папщlэ Вэрокъуэ Iсльам (9-нэ класс, Шэджэм 1-нэ курыт еджапlэ), Къардэн Алимбек (11-нэ класс, Альтуд къуажэм дэт 2-нэ курыт школ), Къардэн Андемыр (11-нэ класс, Шэджэм къалэм и 1-нэ курыт школ), лъэпкъ хабзэр, щэнхабзэр, тхыдэр хуэсакъыу зэрыщэрихьэм папщlэ Мэзло Бесльэн (6-нэ класс, Альтуд дэт 2-нэ курыт еджапlэ), пхъэр къыхэгъэсыкIыурэ сурэт тещlыхьэныкlэ Серчэ Рэмэзан (8-нэ класс, Анзорей курыт еджапlэ).

Фестивалым и лэжьыгъэм фIыуэ щыгъуазэ, КъБР-м и министерствэм Iъэпкъыбзэмкlэ и къудамэм и унафэщl **Табыщ Муратэ** 2017 гъэм екIуэкlа зэпеуэм зи гуащlэ хэзыльхьаэм хъуэхъу дахэкlэ захуигъэзащ. Ар къыщlыпсалъэм жиIащ сабийм и бзэр дихьэхыу егъэджэныкlэ, лъэпкъым бгъэдэльпсэкупсэ къулеягъым ахэр ешэлIэныкlэ, лъэпкъ хабзэр, тхыдэр яфIэгъэщlэгъэну зрагъэщlэнымкlэ «Си бзэ - си псэ, си дуней» зэпеуэм къыпхуэмылъытэным хуэдиз мыхьэнэ иIэщ, зэпеуэм къикIуа гъэзагуанэм ар къигъэлъэгъуащ икlи, а Iуэхугъуэм адэкlэ пщlащlу, зегъэуэщlым, Iэнатlэ, Iэщlагъэлl, ныбжьыщlэ нэхъыбэ ешлIэн хуейщ.

Фестиваль-зэпеуэм жыдэжру хэтахэм ар ехъуэхъуащ узышнагъэ яIэу, ехъулIэныгъэщlэхэр къыщахьу, бзэм и къулеягъыр сабиипсэм зыхрагъащlэу куэдрэ я Iэнатlэхэм пэрытыну.

Текlушэ Артур къыщlипсалъэм къыхигъэщащ мыпхуэдэ махуэшхуэр я щlыналъэм зэрыщекlуэкlыр гуапэ зэрыщlыхьыр. Зэпеуэр къызэгъэпэщыным, ар егъэкlуэкlыным зи гуащlэ езыхьэлIэ дэтхэнэми псалъэ дахэкlэ захуигъэзэри, ар ехъуэхъуауэ хущlыхьэгъуэ яIэу, апхуэдэ зэпеуэфI куэд къызэрагъэпэщыфу, еджапlэхэри хэтыфу псэуну.

КъБР-м Егъэджэныгъэмкlэ, щlэныгъэмрэ щlалэгъуалэм я Iуэхуэхэмкlэ и министерствэм къыбгъэдэкl щlыхь тхылъхэмкlэ, саугъэтхэмкlэ ягъэлъэпlащ зэпеуэм пашэныгъэр щызыубыда школхэм я нарофэщlхэр. Ялэ уэрыlэр зэдагъэщащ Шэджэм къалэ дэт еданэ курыт еджапlэмрэ (унафэщlыр **Бекъуал Маритэщ**) Кэнжэ дэт 20-нэ курыт школымрэ (унафэщlыр **Аслъэн Майедщ**). Етlуанэ уэрыlэр хуагъэфэщащ Яныкъуей къуажэм дэт курыт еджапlэм (унафэщlыр **Къудей Айшэтщ**). Ещанэ хъуащ Май щыналъэм хьихьэ Котляревскэ станицэм дэт 8-нэ школыр (унафэщlыр **Роменский Михаилщ**).

Зэхьэзэхуэм жыдэжру зэрыхэтам, къызэрыхэжаныкlам папщlэ ягъэпэжащ Анзорей дэт 1-нэ курыт еджапlэр (унафэщlыр **Тlэш Светланэщ**), Нарткъалэ дэт 3-нэ курыт еджапlэм къепхауэ лажьэ «Сабиигъуэ» сабий гъэсапlэр (унафэщlыр **Мэкъей ФатIимэщ**), Безенги къуажэм дэт курыт школыр (унафэщlыр **Хапаев Тlэхьыщ**), Екатеринославскэ станицэм дэт курыт школыр (унафэщlыр **Захарченко Галинэщ**).

Абы къыкlэлъыкlуэу ягъэгушхуащ 8 - 11-нэ классхэм щlэс еджакlуэхэу зи къэхутэныгъэ лжьыгъэ проектхэр пхызыгъэкlахэр. Абыхэм щытхъу тхылъхэмрэ тыгъэхэмрэ яритыну утыкум кърагъэблагъат Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьмадзэм и къуэдзэ **Щоджэн Iэмиат**. Ар сабийхэми, абыхэм дзэпыкlуэгъу яхуэхуэ ещlащlэхэм я лжьыгъэ купщlафlэхэм кьапэкlуэ мыпхуэдэ зэрылIэныгъэфIэхэри дяпэкlи зыIэрагъэхуэну.

Утыку кърашащ япэ увыпIэр къэзыха Балъкъэр Исльам (9-нэ класс, Кадет школ-интернат №2), етlуанэ увыпIэр къэзыхьахэу Шыдакъ Заремэ (11-нэ класс, Инарыкъуей курыт еджапlэ), Урыс Мелисэ (11-нэ класс, Аушыджэр дэт курыт школ); ещанэ хъуахэу Абазэ Элинэ (9-нэ класс, Бахьсэн дэт 9-нэ школ), Къущхьэ Дианэ (10-нэ класс, Щхьэлыкъуэ дэт 1-нэ курыт еджапlэ).

А унэтIныгъэмкlэ я лжьыгъэхэр гунэс ящlыхьауэ ягъэлъапlащ Бекъуал Синаррэ (1-нэ класс, Налшык къалэ дэт 13-нэ гимназие), Шыдгин Марьянэрэ (10-нэ класс, Джэрмэншык курыт школ).

Адэкlэ егъэджакIуэхэм я щlэныгъэм щыхагъахьауэ институтым лъэпкъыбзэхэмкlэ и кафедрэм и унафэщl **Инчы Иринэ** утыкум кърагъэблагъащ, анэдэлъхубзэкlэ урок купщlафlэхэр зыта егъэджакIуэ пажэхэм фIыщlэ тхыльхэр яритыну.

Хьэхэу дахэкlэ пэшым щlэсхэм захуэзыгъэза Иринэ жиIащ зэпеуэм и кlуэцlкlэ дерс зэIухауэ, мастер-классу ирагъэкIуэкlам бжыгъэзэрымыIэр, дэтхэнэми гукъинэж пщыхьэр, псэм лъэIэсынхэр хэпльагъуэу зэрыщытар. Ауэ псори зэхуэдэу фIыуэ зэрыщымыIэм къыхэкlкlэ, анэдэлъхубзэр хъума, адыгэ литературэм еджакIуэ цIыкIуэр дегъэхьэха зэрыхъуным хуэгъэпса дерсхэр ягъэльэгъауэ къалъытэри, гулъытэ хуащlащ: еджакlуэхэр зкъупсэу гъэсэным, лъэпкъ хабзэм, щэнхабзэм дегъэхьэхыным теуха дерс езыгъэкlуэкlа **Кlэрэф Заретэ** (Тэрч къалэ дэт 1-нэ лицейм адыгэбзэмрэ литературэмкlэ и егъэджакIуэ), анэдэлъхубзэр хуэсакъыу зехьэн зэрыхуейм ухуэзыгъасэ мастер-класс нэхъыфI зыгъэлъэгъуа **ХьэIупщы Маринэ** (Шэджэм къалэ дэт еданэ курыт школым адыгэбзэмрэ литературэмкlэ и егъэджакIуэ), классщlыб лжьыгъэхэм егъэджэныгъэ Iэмалхэр нэхъыфIу къыщигъэсбэпу къалъытащ **Жэмбэч Маринэ** (пэщlэдзэ классхэм я егъэджакIуэ, Альтуд къуажэ, 2-нэ школ), егъэджэныгъэ методикэм и Iэмалыфlхэр зи лжьыгъэм Iэкlуэлъакlуэу хэзыгъуанэ **Хьэхъупащlэ Лерэ** (Кнэжэ, 20-нэ школ, пэщlэдзэ классхэм я егъэджакIуэ).

Курыт школхэм урысыбзэмрэ литературэмкlэ, адыгэбзэмрэ литературэмкlэ я методическэ зэгуэныгъэхэм я лэжьыгъэр Iупщlу къызыхэщ презентацэ нэхъыфI ищlауэ жаIащ **Iуэхъу Аллэ** (Тэрч къалэ дэт 1-нэ лицейм адыгэбзэмрэ литературэмкlэ и егъэджакIуэ).

«Классщlыб зэIущlэ нэхъыфI» зыгъэхьэзырахэри гулъытэншэ ящlакъым мы махуэм. Абыхэм псалъэ гуапэкlэ захуигъэзэну, игъэгушхуэну утыкум кърагъэблагъат Бахьсэн къалэм егъэджэныгъэмкlэ и департаментым и методист **Афэщlагъуэ Маритэ**. Апхуэдэу пшыхьыр къызэIуихащ «Унагъуэ сурэтхэр» зыфIаща нэпкIуэцIыкlмкlэ. «Сурэтхэм унагъуэхэм нэхъ пэгъунэгъу ящlащlэ, я дуней тетыкlэм ущагъэгъуазэ», - жиIащ Еленэ.

Къызэхуэсахэм апхуэдэу къащlащ анэхэр я бынхэм зэреджэ цIэ лейхэр, сабийхэм яIэ хъуэпсапlэхэр. ЕтIуанэ Iыхьэм цIыкIуэр щызэпеуащ таурыхъ зэмылIэужьыгъуэхэм зэт лIыхъужьхэр къащlынмкlэ. Абы къыкlэлъыкlуэу анэхэм ягъэхьэзырэ упщlэхэм жуаап къаратащ.

Зэлущlэм хэтахэм гъащlэгъуэн ящlыхьауащ «Конвертым дэлъ письмо» Iуэхур. Абы къикIрат: цIыкIуэм езыхэм я Iэкlэ ятха письмохэр хуаутIыпщынт хуейт нэгъуэщl къэралхэм, къалэхэм, жылагъуэхэм щыпсэу я благъэхэмрэ Iыхьлыхэмрэ.

«Нотэ нэжэгужэ» зыфIащам хиубыдэу, уэрэд фIыуэ жызыIэхэм я зэфlэкl ягъэлъагъащ, «Шхынгъуэжэ» зыфIащэ Iыхьэм анэхэр пщэфlэнкlэ щызэпеуащ.

Зэлущlэм хэтахэр саугъэт цIыкIуфэкIыхэмкlэ ягъэгуфlащ.

ЖАНХЪУЭТ Зуэз.

Журналистхэм къахохъуэ

Накъыгъэм и 26-м Печатым и унэм (Налшык къалэ) журналистхэм я «Акулы пера» школым щеджахэм щыхьэт тхылъхэр щратыжащ.

КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым Печатымрэ цIыхубэ коммуникацэхэмкlэ и къэрал комитетым, «Советская молодежь» газетым и радакцэмрэ зэгъуэгуу илъэс зыбжанэ хьуауэ къызэрагъэпэщ Iуэхум и фIыгъэкlэ тхэным хуэпабгъэ ныбжьыщlэ куэд а Iэщlагъэм и щэхухэм хагъэгъуэзащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым Печатымрэ цIыхубэ коммуникацэхэмкlэ и къэрал комитетым и унафэщlым и къуэдзэ **Конаков Хьэсэн**, КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщlым и къуэдзэ **Шававэ Разият**, «Советская молодежь» газетым и редактор нэхъыщlхэ **Къардэн Мухьэмэд** сымэ ныбжьыщlэхэм журналистхэм я курсхэр къызэрахамкlэ щыхьэт тхылъхэр Iэщlалъхьэжри екъуэхъуащ.

- Журналистикэм хуэIэжь IэщlагъэлIэм я лекцIэхэр, чэнджэщlэр хуабжьу ящlыхуэщlыхьэпэнущ. Радиом, телевиденэм, газетым фыщlыащ, абыхэм я лэжьыгъэр къызэрызэрагъэпэщым зыщlыбгъэгъуэзащ, журналистикэм иIэ унэтIынигъэхэм ящlыщу фэ езым нэхъ фпэгъунэгъур зэхэзгъэкlащи, дыщогугъ фыхуущlемыгъуэжу дяпэкlи евгъэфIэкIуэну, - жиIащ Конаков Хьэсэн.

«Акулы пера» школым мазае мазэм щыщlэдзауэ накъыгъэ хъуху цIыху 21-рэ журналистикэм щыхурагъэджащ. Абыхэм дерс гъэщlэгъуэнхэр драгъэкIуэкlащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и журналистикэм и ветеран, КъБР-м щIыхь зиIэ и журналистхэу Бжэныкlэ Мухьэб, Крушельницкий Валерий, «Кабардино-Балкарская правда» газетым и редактор нэхъыщlхэ Болэт Арсен, «Нюр» сайт журналым и редактор нэхъыщlхэ Сабанчиевэ Арипа, «РИА КБР» агентствэм и унафэщl Терехов Игорь, «Горянка», «Заман» газетхэм я лэжьакIуэ Байсиевэ Марзият, «Къэбэрдей-Балъкъэр» КъТРК-м и корреспондент Кубадиевэ Нуржан, Къэбэрдей-Балъкъэрым печатымрэ цIыхубэ коммуникацэхэмкlэ и къэрал комитетым и къудамэм и унафэщlэ Романовская Аннэ сымэ, нэгъуэщlхэми.

Зэлущlэм и кlэухым журналист ныбжьыщlхэм фIыщlэ псалъэкlэ зыхуагъэзащ Iуэхур жэрдэм зыщlахэмрэ я егъэджакIуэхэмрэ.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

Тембот Ахьмэдхъан и текIуэныгъэ

● БэнэкIэ хуит

Сербием и къалащхьэ Белград мы махуэхэм щекIуэкIащ си ныбжьыр илъэс 16 иримыкъуахэм бэнэкIэ хуитымкIэ я европэпсо зэхьэзэхуэ. Абы щызэпэщIэтащ къэрал куэдым къикIа спортсмен 500-м щIигъу.

УРЫСЕЙМ и командэ къыхэхам хэту абы фIы дыдэу зыкъыщигъэлъэгъуащ КъБР-м щыщ Тембот Ахьмэдхъан. Къыщlыхах зэIущlэхэр къызэринэкIыу зи хьэлъагъыр килограмм 85-м нэблагъэхэм я гупым пашэ щыхьуа ди щlалэм и ехъулIэныгъэр Сербием щыщlигъэбыдэжащ.

«Си хьэрхуэрэгъуэхэр фIы дыдэу хьэзырт. Арщхьэкlэ дэтхэнэ зэIущlэми текIуэныгъэ къызэрыщысхьынум фIэкlа нэгъуэщlым сегупсысырэтхъыр. Пашэныгъэр зыIэрызгъэхьэнымкlэ сабэп къысхуэхъуащ фIыуэ сызэрызхьэзырыр икlи си зэфlэкlыр зрызнэсыр къызэрызгурыIуэжыр», - жиIащ Европэ зэхьэзэхуэм щытекIуа Тембот Ахьмэдхъан.

Белград и алэрыбгъэм зэкlэлъхьэжьу ди лъэпкъэгъум къыщыгтридзащ Алыджым, Азербайджаным, Украинэм, Урысейм, Тыркум я бэнакIуэ нэхъыфIхэр. Хьэлъагъ къэскIэ дэтхэнэ къэралми хуэзэу цIыху тIурытI зэрыхэтым къыхэкIыу финал ныкъуэ зэIущlэм Темботым къыщlэпщlэхуащ урысей бэнакIуэ Черкоев Руслан. Къыщlыхах зэхьэзэхуэхэм ерагъыу, 3:2-уэ, щыхигъащlэ Черкоевым Ахьмэдхъан СерГюмем зы Iэмали щритакъым икIи 7:0-у текIуэныгъэр къыщIэпхащ. Къикlуэт зымыщlэ ди лъэпкъэгъуэр финал зэIущlэми щыльэщащ, уеблэмэ, нэхъ жыдэжрыж къэхуащ. 10:0-у Тыркум и лIыкIуэм ефIэкIри, дыщэ медалыр зыIэригъэхьащ.

Къэралым и командэ къыхэхам хэт Тембот Ахьмэдхъан иджыпсту Мейкьуапэ зыщегъасэ.

Фигу къэдгъэкIыжыкlи, илъэс блэкlам Налшык къыщlэхъуащ «Конвер-

сенатор Хьупсырокъуэ Мурат и дэIэпыкъуныгъэкlэ Адыгейм и къалащхьэм къыщызэIуахауэ щытащ бэнакlэ хуитымкlэ къудамэ. Мы махуэхэм абы къекIуалIэ сабий 360-м щIигъур ягъасэ спортым и мастер Тезадэ Хьэсэнрэ Украинэм щIыхь зиIэ и тренер Тембот Анатолийрэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ Тембот Анзор зи тренер нэхъыщlхэ Урысейм и ныбжьыщlэ командэ къыхэхам Белград щекIуэкlа зэхьэзэхуэм ялэ гуп увыпIэр къыщlихьащ. Я хьэсэгъэ елытауэ ягъэша гупиплым ящlыщу 9-м пашэ щыхъуар ди къэралым и бэнакIуэхэрщ. Псори зэхэту Тембот и гъэсэнхэм зыIэрагъэхьащ медаль зэмылIэужьыгъуэу 17.

ЖЫЛАСЭ Замир.

УнагъуэфIым и щапхъэ

● Аруан щыналъэ

Нарткъалэ дэт унагъуэ библиотекэм зэIущlэ гъэщlэгъэнэгъэ щIэх-щIэхыурэ къыхэзрегъэпэщ. Ахэр ятеухуауэ унагъуэ насыпым, адэ-анэфIэхэм я щапхъэм, щIэблэр хабзэ дахэхэм щIэпыкIыным.

БИБЛИОТЕКЭМ и еджапlэ пэшым ирагъэблагъат тхылъ еджэным дихьэх икIи куэдым щапхъэ яхуэхъун зэхущытыкlкlэ нэмысрэ зэрыль унагъуэхэр: Жэрыкъуэхэ, Хьэщlыкъуейхэ, Къэгъэзжэ, Бекъулхэ.

Тхылъ хъумапlэм и лэжьакIуэ Кустарниковэ Еленэ пшыхьыр къызэIуихащ «Унагъуэ сурэтхэр» зыфIаща нэпкIуэцIыкlмкlэ. «Сурэтхэм унагъуэхэм нэхъ пэгъунэгъу ящlащlэ, я дуней тетыкlэм ущагъэгъуазэ», - жиIащ Еленэ.

Къызэхуэсахэм апхуэдэу къащlащ анэхэр я бынхэм зэреджэ цIэ лейхэр, сабийхэм яIэ хъуэпсапlэхэр. ЕтIуанэ Iыхьэм цIыкIуэр щызэпеуащ таурыхъ зэмылIэужьыгъуэхэм зэт лIыхъужьхэр къащlынмкlэ. Абы къыкlэлъыкlуэу анэхэм ягъэхьэзырэ упщlэхэм жуаап къаратащ.

Зэлущlэм хэтахэм гъащlэгъуэн ящlыхьауащ «Конвертым дэлъ письмо» Iуэхур. Абы къикIрат: цIыкIуэм езыхэм я Iэкlэ ятха письмохэр хуаутIыпщынт хуейт нэгъуэщl къэралхэм, къалэхэм, жылагъуэхэм щыпсэу я благъэхэмрэ Iыхьлыхэмрэ.

«Нотэ нэжэгужэ» зыфIащам хиубыдэу, уэрэд фIыуэ жызыIэхэм я зэфlэкl ягъэлъагъащ, «Шхынгъуэжэ» зыфIащэ Iыхьэм анэхэр пщэфlэнкlэ щызэпеуащ.

Зэлущlэм хэтахэр саугъэт цIыкIуфэкIыхэмкlэ ягъэгуфlащ.

ЖАНХЪУЭТ Зуэз.

Редактор нэхъыщlхэ ХЬЭФIЫЩIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

ЖьэкIэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщlхэ и къуэдзэ), Жылаэ Заурбэч (редактор нэхъыщlхэм и къуэдзэ), Ширдий Маринэ (редактор нэхъыщlхэм и къуэдзэ), Къаншокъуэ Эллэ (жэуап зыхь секретарь), Къардэн Маритэ, Нэщlэныджэ Замирэ, ХьэжыкIарэ Алик, Щхьэщэмыщl Иэз.

Езыгъэтхаэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

Къыдэзыгъэкlэжмрэ редакцэмрэ я хэщlапlэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщlхэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщlхэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкlэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхуэхэмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащlэмрэ экономикэмкlэ - 42-57-59; щэнхабзэмкlэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Iуэхущlапlэхэм ядлэжьэныкlэ - 42-60-53; хъыбарыщlэхэмкlэ, спортымрэ письмохэмкlэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щlэныгъэмкlэ - 40-15-31; зэдзэкlакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемкlэ - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iэнатlэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщlэтэ Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкlэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэрэр редакцэмрэ я Iуэху епльыкlэр зэтехуу зэпыту щытхъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхъынымр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщlэныгъэхэмкlэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэныкlэ Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ Iуэхущlапlэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкlыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Залинэ**, *редактору* **ЖьэкIэмыхъу Маринэ**, *корректорхэу* **Щоджэн Инэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(3, 4-нэ нап.), корректорхэм я дзэныкъэгъу* **Нэужьокъуэ Заирэ**. *Компьютеркlэ газетым и тепlэгъ ящlащ* **Дол Маринэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.721 ● Заказ №662